

Зи щIэинхэр дыщэ чысэ хъуа

2-нэ нап.



Тхыдэмрэ нобэмрэ зэпызыщIэ

2-нэ нап.



IуэрыIуатэ - дыщэ пхъуантэ

3-нэ нап.



Плъыфэхэм къагъэщI дахагъэр

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№7 (24.289) • 2022 гъэм щIышылэм (январым) и 25, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

«Лэскэн» псыщIэм и къэхъукIэр



4-нэ нап.



## Узыфэ зэрыцIалэм зэрыпэщIэтыр

**КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зэIущIэ екIуэкIащ. Абы щытепсэлъыхьащ КъБР-м коронавирусым зэрыщыпэщIэт Iэмалхэм. Ар къыщызэIуихым, Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ узыфэ зэрыцIалэм къишэ щытыкIэ гугъум депутатхэр зэрытемыплъэкъукIыр, иужьрей илъэситIым къриубыдэу щIэх-щIэхыурэ абы Парламентым зэрыщытепсэлъыхьар жиIащ.**

ОМИКРОН штаммым пэщIэтынымкIэ республикэм къыщагъэсэбэп Iэмалхэм депутатхэр щигъэгъуэзащ КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр **Къалэбатэ Рустам**.

Мы зэманым медицинэм и лэжьакIуэхэм я нэIэ тетщ узыфэр зыпкърытхэм пыщIэныгъэ хузиIа цIыху 4940-м, дохутырхэр кIэлъыплъурэ я унэм зыщагъэхъуж узыр къызэуэлIа цIыху 1450-м. Абыхэм ящыщу 182-р сабийщ.

Узыфэм сыткIи хуагъэхьэзырауэ республикэм щолажьэ сымаджэщи 4, сымаджэу 710-рэ щIэхуэу. ЗэрыбауэIэмэпсымэу 610-рэ хьэзыру щыIэщ. Узыр хьэлъэу зыпкърыкIхэр ИВЛ-м пащIэ.

COVID-19-р нэхъ кIащхъэ зэрыхъуам къыхэкIыу, иужьрей тхьэмахуищым къриубыдэу сымаджэ еIэзапIэхэр процент 26-кIэ (гъуэлъыпIэ 250-рэ) ягъэмэщIащ. Узыфэм зэрызиубгъум елъытауэ, сымаджэщхэм я гъуэлъыпIэ бжыгъэм къыхагъэхъуэжынущ, хуей хъумэ, госпиталхэри нэхъыбэу къызэIуахыжынущ.

Омикроным псынщIэу зэрызиубгъур къалъытэри, узыфэр къыщахутэ лабораторэхэм я лэжьыгъэр щIагъэхуэбжьащ. Махуэм анализ 3865-м нэс къащтэфу щытамэ, иджы 5805-рэ яхуэгъэкъаруунущ. Республикэ, федеральнэ мылъкухэм къыхэкIа ахъшэкIэ тест зэрат Iэмэпсымэхэр къащэхури, медицинэ IуэхущIапIэхэм трагуэшащ. Апхуэдэ тестым коронавирусыр нэхъ щIэхыу къехутэ, иммунохроматографическэ (ИХА) Iэмалыр къызэрыщыгъэсэбэпам къыхэкIыу. Министрым зэрыжиIамкIэ, абы Iэмал къаритынущ махуэм къриубыдэу тест зрагъэтынухэм я бжыгъэр цIыху 900-м нагъэсыну.

Узыфэм псынщIэу зиубгъункIэ шынагъуэ зэрыщыIэм къыхэкIыу, медицинэ Iуэхутхьэбзэ хуэныкъуэхэр зэкIуалIэ центру аргуэру 3 къызэIуахащ, иджы ахэр 7 мэхъу. Сымаджэхэм я бжыгъэм къыхэхъуэмэ, дохутырхэм дагъэIэпыкъунущ медицинэм хуеджэ щIалэгъуалэри.

Министрыр тепсэлъыхьащ медицинэм и лэжьакIуэхэм я улахуэм дыщIагъу ахъшэм, зи унэ зыщызыгъэхъуж сымаджэхэм ират хущхъуэхэм. Абы къыхигъэщащ узыфэ зэрыцIалэм узэрыпэщIэт Iэмалхэм я нэхъыфIыр вакцинэр зэрыарар. Махуэ къэс, сыхьэти 8-м къыщыщIэдзауэ сыхьэт 20 пщIондэ, республикэм щолажьэ медицинэ IуэхущIапIэ 15-м къыщызэрагъэпэща вакцинэ зыхегъэIупIэу 845-рэ. Вакцинэ зыхрагъэлъхьэн папщIэ лэжьапIэхэмрэ унагъуэхэмрэ ираджэ дохутыр бригадэу 58-рэ мэлажьэ.

Республикэм къэшащ вакцинэ дозэу 432 355-рэ. ЦIыхухэм я процент 47,9-м ар зыхрагъэIуащ. Республикэм щыпсэухэр вакцинэм тегъэгушхуэным теухуа лэжьыгъэ зэпымыууэ йокIуэкI.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъащ «Роспотребнадзор»-м и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщI **Пагуэ Жыраслъэн**. Ар тепсэлъыхьащ омикрон штаммыщIэр республикэм къызэрысам.

- Сымаджэ хъу цIыху 20 къэсыху 9-м япкърытщ омикроныр, адрейхэм дельтэ штаммыр. Махуэ къэс хохъуэ зэрыцIалэхэм я бжыгъэм. ЩIышылэм и 20-м къызэрабжамкIэ, ди республикэм щыщу цIыху 11-м омикроныр япкърытщ. Ахэр вакцинэ зыхезымыгъэIуа защIэщ. Догугъэ абы хьэлъэу игъэсымаджэхэм я бжыгъэр куэд мыхъуну, ауэ дыбэлэрыгъынуи къезэгъыркъым. Узыфэ зэрыцIалэр нэхъри къыщызэщIэрыуэр пыхусыхум и зэманырщ. Дохутырхэм тэмэму зэхагъэкIын хуейщ COVID-19-мрэ къызэрыгуэкI пыхусыхумрэ. Ауэ а тIури зэуэ къызэуалIи щыIэщ, - жиIащ абы.

Егоровэ Татьянэ щIэупщIащ цIыхур сымаджэ хъуам бгъэдэтамэ, едэпщанэ махуэм ПЦР-тестыр итын хуейми, экспресс-тестым и щхьэхуэныгъэхэми.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм СПИД-мрэ узыфэ зэрыцIалэхэмрэ пэщIэтынымкIэ и центрым и дохутыр нэхъыщхьэ **Иуан Маринэ** зэрыжиIамкIэ, сымаджэм къеузыр пыхусыхурэ COVID-19-рэ ипэжыпIэкIэ яхузэхэмыгъэкIамэ, абы ирахьэлIэн щIадзэ узыфитIми узэреIэзэ хъу хущхъуэхэр. ЕплIанэ - етхуанэ махуэхэм КТ ирагъэщI. Абы зэхегъэкI сымаджэм пкърытыр зищIысыр.

Узыфэ зэрыцIалэр зыпкърытым пыщIэныгъэ хузиIам анализ щитын хуей махуэм теухуауэ Иуан Маринэ жиIащ узым иджыри зыкъримыгъащIэ щIыкIэ, цIыхум ар пкърытмэ, тестым къызэрыхуэхутэр. Уз зэрыцIалэр Iэпкълъэпкъым махуэ бжыгъэкIэ хохьэ: дельтэр - махуи 5 - 7-кIэ, омикроныр - махуи 2 - 3-кIэ.

Экспресс-тестым и IуэхукIэ Къалэбатэ Рустам жиIащ ар псом япэу зрагъэтыр медицинэм хэтхэм, сабий садхэмрэ школхэм щылажьэхэмрэ зэрыарар.

КъБР-м и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщI **Емуз Нинэ** тепсэлъыхьащ сабийхэм коронавирус къеуэлIамэ, ахэр зыщIэс школхэм зэрадэлэжьапхъэм, хэкIыпIэ ящIынухэм.

Пагуэ Жыраслъэн зэрыжиIамкIэ, цIыхум анализ къеIыхынымрэ ар лабораторэм егъэхьынымрэ сыхьэт 24-рэ, ар къэпщытэнми апхуэдиз дыдэ токIуадэ. А зэманым къриубыдэу къахутар Iэмал имыIэу къыщагъэлъэгъуэн хуейщ «Госуслуги» порталым. ШколакIуэм коронавирусыр къеуалIэмэ, ар зыщIэс классыр зэпэщIэха егъэджэкIэм хуокIуэ.

Президиумым и зэIущIэм нэгъуэщI Iуэхугъуэхэми щытепсэлъыхьащ. Абы щыхэплъащ «Административнэ хабзэншагъэм ехьэлIауэ КъБР-м и Кодексым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным», «ЦIыхухэм къащэху гаражхэмрэ ахэр зытет щIымрэ епха Iуэху щхьэхуэхэр гъэтэмэмыным» теухуа законопроектхэм.

КъищынэмыщIауэ, депутатхэр зэгурыIуащ КъБР-м и Парламентым и щIыхь тхылъхэр IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм я лэжьакIуэфIхэм иратыным теухуауэ.

*КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.*

## Гулъытэншэу зыри къигъэнакъым

**Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутат Быф Анатолэ хэхакIуэхэм яхуэзащ. Къэралым, республикэм щыщыIэ эпидемиологие щытыкIэм къыхэкIкIэ, зэIущIэр зэрекIуэкIар видеозэпыщIэныгъэ Iэмалым тетущ.**



ДЕПУТАТЫМ зыкъыхуэзыгъэзахэр игъэпIейтейрт я псэупIэр зэрымыщIагъуэм, псэупIэ-коммунальнэ Iуэтхьэбзэхэм щIат пщIэр зэрыхэхъуам, хущхъуэ лъапIэхэр къазэрыхуэмыщэхум, нэгъуэщIхэми.

ЛъэIукIэ зыкъыхуэзыгъэзахэр гулъытэншэ ищIакъым Быфым, гугъуехь хэтхэм ахъшэкIэ защIигъэкъуащ, юристым ечэнджэщыну хуейхэм а Iуэхур къахузэригъэпэщащ.

Языныкъуэхэм я упщIэхэм я жэуапыр къыщылъыхъуапхъэ къэрал къулыкъущIапIэхэм депутат лъэIу иригъэхьыну жиIащ.

Абы и нэIэ щIэтынущ а махуэм зыкъыхуэзыгъэзахэм я Iуэхур зэрыкIуатэр.

**ШЫПШ Даянэ.**

## Ди къуэш республикэхэм

### ГЭС яухуэ



КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***КъШР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рашид «РусГидро» ПАО-м и генеральнэ унафэщI Хмарин Виктор IущIащ.***

МЫ компаниер илъэс куэд щIауэ долажьэ республикэм икIи щIыналъэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ инхэр хуещI.

«РусГидро» ПАО-р ди къэралым и инвестор нэхъ лъэрызехьэхэм ящыщщ. Иджыпсту ар холэжьыхь Карачаевск, Усть-Жэгуэтэ щIыналъэхэм псы щыIэнымкIэ Iэмалхэр къызэгъэпэщыным. Абы къищынэмыщIауэ, Хмаринымрэ сэрэ дытепсэлъыхьащ гидроэнергетикэм зегъэужьынымкIэ компанием и программэм дызэрыхэтым, Къэрэшей-Шэрджэсым ГЭС цIыкIуитI зэрыщаухуэм. Иджыпсту а ухуэныгъэхэм лэжьыгъэшхуэ щокIуэкI, ахэр 2022 гъэм зэфIэдгъэкIыну, лажьэу едгъэжьэну ди мурадщ», - жиIащ КъШР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рашид.

### Илъэси 100-м зыхуагъэхьэзыр



АДЫГЕЙ. ***Урысей Федерацэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Чернышенкэ Дмитрий иригъэкIуэкIащ Адыгей Республикэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 100 зэрырикъум зэрызыхуагъэхьэзырым теухуа зэIущIэ. Ар видеозэпыщIэныгъэ Iэмалым тету екIуэкIащ.***

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ АР-м и Iэтащхьэ КъумпIыл Мурат, республикэм и министрхэр, УФ-м ЩэнхабзэмкIэ, Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ, СпортымкIэ, ЕгъэджэныгъэмкIэ, УхуэныгъэмкIэ и министерствэхэм, ТуризмэмкIэ федеральнэ агентствэм, правительствэм и департаментхэм я лIыкIуэхэр.

- Илъэсищэр щигъэлъэпIэну пIалъэм Адыгейм лэжьыгъэшхуэ зэрыщекIуэкIыр нэрылъагъущ. Республикэ унафэщIхэм япэ ирагъэща, УФ-м и Правительствэм диIыгъа Iуэхухэр и чэзум зэрызэфIэкIынум шэч хэлъкъым. Махуэшхуэхэм ирихьэлIэу республикэм игъуэтыну зыужьыныгъэм щIыналъэм и Iулыджыр нэхъри къиIэтынущ икIи къэралым щызэфIэува иджырей пщалъэ лъагэм нэсыфынущ, - жиIащ Чернышенкэ Дмитрий.

КъулыкъущIэм жиIащ къэралым и Президент Путин Владимир 2022 гъэр лъэпкъ гъуазджэхэм зэрытриухуар къэплъытэмэ, Адыгейм и лъэпкъ щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр хъумэнымкIэ, зегъэужьынымкIэ ари Iэмал хъарзынэу зэрыщытыр, псори зэгъусэу зэдагъэлажьэмэ, фIы куэд къызэрыпэкIуэнур.

Адыгей Республикэм и Iэтащхьэ КъумпIыл Мурат Чернышенкэ фIыщIэ хуищIащ я лъахэм къызэрыхуэнабдзэгубдзаплъэм, абы къыхилъхьэ жэрдэмхэр сыт щыгъуи къызэрыдиIыгъым папщIэ икIи щIыналъэм нобэ иIэ социально-экономикэ зыужьыныгъэм и Iуэху зыIутым убгъуауэ тепсэлъыхьащ.

### Бзылъхугъэм йохъуэхъу



АБХЪАЗ. ***Сыхъум къалэ администрацэм и унафэщI Эшбэ Беслъэн ехъуэхъуащ Хэку зауэшхуэм и ветеран, къалэдэс Шульгина Валентинэ и ныбжьыр илъэси 100 зэрырикъумкIэ.***

АБЫ жиIащ Валентинэ гъащIэ гугъу, ауэ гъэщIэгъуэн къызэригъэщIар, а гъуэгуанэр Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэ куэдкIэ гъэнщIауэ зэрыщытар. «Уэ дэркIэ ущапхъэщ, уи жыджэрагъыр гукъыдэжым, дэрэжэгъуэм дыхуэзыгъэпабгъэщ. Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэ гугъур къызэбнэкIри, къэкIуэнум фIыкIэ ущыгугъыу, ар зэребгъэфIэкIуэным уи гуащIэ хэплъхьэу упсэуащ. ИужькIэ аргуэру Куржы-Абхъаз зауэр уи нэгу щIэкIащ. Ди текIуэныгъэм уи Iыхьэ зэрыхэлъым папщIэ фIыщIэ ин пхузощI, ди хэкур зэрефIакIуэм узэрыкIэлъыплъым, абы и зыужьыныгъэхэм узэрыригушхуэм ди щхьэр лъагэу дегъэлъагъуж», - жиIащ Эшбэ Беслъэн.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**



## Сэлэтхэм я псэр ягъэгуфIэ

**Зауэм, лэжьыгъэм, IэщэкIэ зэщIэузэда къарухэмрэ хабзэхъумэ IэнатIэхэмрэ я ветеранхэм я Налшык къалэ зэгухьэныгъэм мы махуэхэм зэIущIэ купщIафIэ щекIуэкIащ. 115-нэ шу дивизэм и цIэр зезыхьэ къэлъыхъуакIуэ гупым щыщхэр яхуэзащ Налшык дэт курыт школ №23-м и еджакIуэхэу Курп лъагапIэхэм дэкIуеяхэм. ЗэIущIэм кърагъэблэгъат ветеранхэри Урысейм и РОСТО ДОСААФ-м КъБР-м щиIэ къудамэм и лIыкIуэхэри.**

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫР нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм къызэрыIэщIахыжрэ илъэс 79-рэ зэрырикъуам тещIыхьат зэхуэсыр. Ар къызэIуихащ къытщIэхъуэ щIэблэр хэкупсэу гъэсэныр сыт щыгъуи зыгъэнэхъапэ ветеран зэгухьэныгъэм и унафэщIым и къуэдзэ ПщыхьэщIэ Лейла. Ар ныбжьыщIэхэм яхутепсэлъыхьащ зыхэт жылагъуэ зэгухьэныгъэм иригъэкIуэкI лэжьыгъэхэм, апхуэдэуи школакIуэхэр къыхуриджащ щалъхуа щIыналъэм и тхыдэр нэхъ кууэ яджыну, абы и блэкIам нэхъыфIу зыщагъэгъуэзэну.

ПщыхьэщIэм и псалъэм пищэу, зэхуэсым кърихьэлIа ныбжьыщIэхэм гуапэу епсэлъылIащ къэлъыхъуакIуэ гупым и пашэхэм ящыщ Заруцкий Олег. Тэрч щIыналъэм иджыблагъэ щрагъэкIуэкIа къэлъыхъуэныгъэхэм къарикIуахэм я гугъу щищIым, абы школакIуэхэм яригъэлъэгъуащ Курп лъагапIэхэм къыщагъуэта хьэпшып зэмылIэужьыгъуэхэр. «Сэлэтым и псэр» зыфIаща а гъэлъэгъуэныгъэр яфIэхьэлэмэтащ щыгъуазэ зыхуэзыщIа ныбжьыщIэхэми балигъхэми.

ДОСААФ-мрэ «ЗауэлI зэкъуэшыныгъэ» къэралпсо зэгухьэныгъэмрэ КъБР-м щаIэ къудамэхэм къабгъэдэкI фIыщIэ тхылъхэр хуагъэфэщащ Курп лъагапIэхэм дэкIыу абы къэлъыхъуэныгъэхэр жыджэру щезыгъэкIуэкIа ныбжьыщIэхэм. Урысейм и гъунапкъэхъумэ къулыкъущIапIэм къыбгъэдэкI щIыхь тхылъ иратащ Налшык дэт курыт школ №23-м тхыдэр щезыгъэдж Заиченкэ Галинэрэ абы и гъусэу гъунапкъэхъумэхэм ятеухуа фильм тезыха школакIуитIымрэ. Къыхэдгъэщынщи, а лэжьыгъэм увыпIэфI къыщыхуагъэфэщащ Урысейпсо еплъыныгъэзэпеуэм.

**КЪАРДЭН Маритэ.**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм гу зылъатапхъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэIущIэр 2022 гъэм щIышылэм и 27-м екIуэкIынущ.

ЩыщIидзэнур сыхьэти 10-рщ.

*КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.*

## «Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм папщIэ

**2022 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм цIыхухэм яIэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щыщIадз зэманыр иухащ.**

**«Адыгэ псалъэ» газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащIэ - гъатхэпэм (мартым) къыщыщIэдзауэ ар къевгъэхьын папщIэ Iэ щыщIэвдз хъунущ Урысей поштым и дэтхэнэ IуэхущIапIэми.**

**Мази 4-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ:**

**унэм ныфхуахьыну фыхуеймэ - сом 483-рэ кIэпIейкIэ 20-рэ;**

**фэ езым поштым къыщыфщтэжынумэ - сом 440-рэ.**

**Ди индексыр П 5894**



## ПщIэ зыхуэтщI телевизореплъхэмрэ радиом едаIуэхэмрэ!

РТРС-м и «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и РТПЦ» къудамэм хъыбар фегъащIэ:

2022 гъэм щIышылэм и 31-м жэщым сыхьэти 2-м къыщыщIэдзауэ махуэм сыхьэт 11 пщIондэ, пасэу зэраубзыхуам тету, Налшык къалэм щекIуэкIынущ теле-, радионэтынхэр къызэзыгъэпэщ Iэмэпсымэхэм ехьэлIа профилактикэ лэжьыгъэхэр. Къэдгъэлъэгъуа зэманым къриубыдэу зэпыунущ РТРС-1, РТРС-2, 1 КБР «49 канал» (Мир), «Радио России», «Вести FM», «Маяк», «Мир», «Радио Вера», «Радио КБР» передатчикхэмрэ каналхэмрэ я нэтынхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и РТПЦ-р къыволъэIу гугъуехь фызэрыхидзам папщIэ хуэвгъэгъуну.

# Зи щIэинхэр дыщэ чысэ хъуа



**Шортэн Аскэрбий ТIэхьир и къуэр 1916 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Лэскэн ЕтIуанэ къуажэм къыщалъхуащ, Лениным и цIэр зезыхьэ еджапIэр (Налшык), Театр гъуазджэм и институтым и режиссёр къудамэр (Москва) къиухащ. Хэку зауэшхуэм щыгъуэ Къэбэрдей-Балъкъэр шуудзэм хэтащ, зауэм щызэрихьа лIыгъэм папщIэ орденхэмрэ медалхэмрэ кърататщ. Зауэ нэужьым ар щылэжьащ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым къэбэрдей литературэмрэ IуэрыIуатэмкIэ и къудамэм и унафэщIу.**

**Ди лъэпкъ щэнхабзэм и тхыдэм цIыхубэ творчествэр къыхэпхыжмэ, ямылейуэ куэд къанэркъым, жыжьэ дыди кIуэцIрыкI хуэдэкъым. КъыщIэмынэр зыщ - тхыбзэм и тхыдэр зэкIэ зэрымылIэщIыгъуэрыбжэращ. ИтIанэми, а куу дыдэу къыпфIэмыщIын тхыдэми уи гур хэзыгъэхъуэн Iэджи хэлъщ. Апхуэдэхэм ящыщ зыщ Шортэн Аскэрбий и гъащIэмрэ и IуэхущIафэхэмрэ. Нэхъыбэм ар зэрацIыхур «Бгырысхэр» романращ. Пэжщ, нобэ роман зытхымрэ зытхауэ диIэмрэ мащIэкъым, ауэ япэ итам и лIыгъэр къыдгурыIуащэу къыщIэкIынукъым. А тхакIуэ, щIэныгъэлI гъэщIэгъуэныр, нобэ тIэкIу тIэщIэгъупщыкI хъуами, и цIэр къыщраIуэм деж, дыхуэтэджыну хуэфащэщ.**

КЪУХЬЭПIЭ Европэм и тхыдэм налкъуту къыхэщхэм ящыщ зыщ энциклопедистхэр. Ахэр къыщыунэхуар Франджыращ, зэманкIэ зыхуэзэр XVIII лIэщIыгъуэм икухэрщ. А цIыху щэджащэ гупым фIэщыгъэ яхуэхъуар къызытекIар щIэнгъуазэ тхылъ уардэ зэрызэхалъхьа къудейркъым, абыхэм ящыщ дэтхэнэри зы энциклопедие хуэдэт я щIэныгъэрэ IэзагъкIэ. А зэманым лъандэрэ зы лIыр Iуэхугъуэ зыбжанэм фIы дыдэу щыхэзагъэм деж «ар энциклопедистщ» хужаIэ хъуащ. Дригушхуэну хуэфащэщ дэри апхуэдэ дыдэ зыхужыпIэ хъун лIыфI ди лъэпкъым къызэрыхэкIам. Ар Шортэн Аскэрбийщ.

Псом япэу, къыжыIэн хуейщ, и дуней тетыкIэкIэ ар зэбгъэщхьынур къыпхуэмыщIэ лIы хьэлэмэту зэрыщытар. Псалъэм щхьэкIэ, мыпхуэдэ къэхъугъэ абы и гъащIэм хэтащ. 1935 гъэм, Аскэрбий ядэIэпыкъуурэ къыхащыпыкIауэ, Мэзкуу игъэкIуат IэщIагъэм хуеджэн артист гуп. Езы дыдэри якIэлъыкIуащ абыхэм, драмэ театрым и режиссёру еджэн мурад иIэу. АрщхьэкIэ, илъэситI нэхъыбэ къалащхьэм зыщимыIэжьауэ, Налшык къэкIуэжри, щIалэгъуалэ гуп зэхуишэсащ. Модрейхэр Мэзкуу щеджэху, езым театрыщIэ къызэIуихри, «нэмыджыса» режиссёрым спектаклхэр игъэуват. Абы къигъуэту театрым иришэлIахэм яхэтащ иужькIэ Къэбэрдей-Балъкъэрми Урысейми щIыхь зиIэ я артист, цIыхубэ артист цIэ лъапIэхэр зыхуагъэфэща, ди театрым и цIэр фIыкIэ жыжьэ зыгъэIуа зыбжанэ. А зэман дыдэм Аскэрбий езыми пьесэ етх. Абы и «Батыр и къуажэр» апхуэдизкIэ театракIуэхэм ягу ирихьати, зэ ягъэуващ жиIэу къимыгъанэу, Аскэрбий ар етIуанэуи, ещанэуи зэрегъэзэхуэжри, икIэм-икIэжым, ди лъэпкъ драматургием и фIыпIэхэм ящыщ зы хъуным негъэс.

Ауэ мыдэкIэ, зи гугъу тщIым и дуней тетыкIэм теухуа псалъэм пытщэмэ, мыри жыIэн хуейуэ къызолъытэ. Талантышхуэ зыбгъэдэлъ дэтхэнэми хуэдэу, Шортэныр цIыху IэтIэлъатIэу щытакъым. Абы къыдрихьеяр занщIэу къыбжиIэнут, къулыкъушхуэу пIыгъым фIэлIыкIыу къигъэзэнутэкъым. Апхуэдэхэм дзыхь щIагъуэ яхуэпщI мыхъуну къалъытэ Iужажэхэм. ИкIи зэманыр щыбзаджэхэм деж апхуэдэхэр нэхъ кIуэдыгъуафIэ хъу хабзэщ. АрщхьэкIэ, Хэку зауэшхуэр къэхъейуэ къэралыр хъумэн хуей щыхъум, Аскэрбий зауэлI фащэр зыщитIагъэу дзэм хыхьа къудейкъым. 1942 гъэм и дыгъэгъазэ мазэм, Совет къэралыр щыIэжынрэ Гитлер и пашэгъухэм шыпхэкIэ зэбграхыжынрэ зыщIэ щыщымыIэм щыгъуэ, ар фашистхэм дунейм тралъагъуэ мыхъу коммунист партым хохьэ. АбыкIэ къызэтеувыIатэмэ, Шортэныр Аскэрбиижтэкъым. Адыгэ щIалэм и документхэр зэрегъэхъуэкIри, партым щыхыхьа махуэр къыщалъхуа махуэу ирегъэтх - къэралым и кIуэдыр сэри си кIуэдщ, къызэтенэмэ, сэри си фIыщIэ хэлъщ, жыхуиIэу! Дауи, лIыгъэшхуэ уиIэн хуейщ, пщэдей къэхъунур умыщIэу, апхуэдэу пщIыным щхьэкIэ. Ауэ щыхъукIи, а псори иужькIэ иIуэтэжу езым зэи зригъэщIэгъуэжакъым, атIэ, дунейм ехыжа нэужь, и щхьэгъусэ Даниткэ сэ къызжиIэжауэ щытащ. Абы артист хьэл зэрыхэлъар зыцIыхуу щыта куэдым жаIэжыфынущ, ауэ, щIыхь лей къихьын щхьэкIэ, ар утыкуакIуэу зэи щытакъым.

Нэхъыбэм зэрацIыхущи, Аскэрбий тхакIуэ хьэлэмэтщ икIи ищхьэкIэ жыхуэтIа романым и закъуэкъым абы итхар. Шортэн-тхакIуэм и къалэмыпэм къыщIэкIащ повестхэр, рассказхэр, очеркхэр, критикэ тхыгъэхэр. Абыхэм ящыщ зыкъомыр зэманым щIилъэсыкIауэ къытфIэщIми, ноби ахэр бзэм и шэрыуагъым, образ телъыджэ гъэлъэгъуэным, сюжет зэгъэпэщыкIэмкIэ щапхъэ хъунущ. Аскэрбий дунейм ехыжа нэужь, абы и литературэ щIэиныр къэзыпщытэж комиссэр сэ згъэлэжьэну къысхуагъэфэщауэ щытащ. Махуэ хэхакIэ и унэм дыкIуэурэ, Нало Заурэ сэрэ, езы Данитки ди гъусэжу, зэхэддзащ тхакIуэм и Iэужьхэр. Мис абы щыгъуэ сызыIущIахэм ящыщщ и романышхуэ-тетралогием хузэригъэпэщауэ щыта материалхэр. Романым ауэ сытми кIуэцIрыплъа дэтхэнэми ещIэ абы персонажу пщIы бжыгъэ зыбжанэ зэрыхэтыр. АтIэ, сэ згъэщIэгъуаращи, абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми хуэзэхилъхьауэ «справкэ» зырыз тхакIуэм и архивым къыхэкIыжащ. А «справкэм» зэхэгъэщхьэхукIауэ итт зи гугъу ищIым и IуэхущIафэри, и теплъэри, и хьэл-щэнри, и гъащIэ гъуэгури - зыщыщу къызыхэкIам, къыщалъхуа зэманымрэ щIыпIэмрэ я деж къыщегъэжьауэ щылIэжам щыщIитIыкIыжу. Языныкъуэхэм деж сурэтри и гъусэжт. Апхуэдэу егугъуу, дэтхэнэ персонажри, дэтхэнэ эпизод нэхъ мыхьэнэншэу къыпфIэщIынри гъэщыпкъауэрэ къызэригъэнахуэм кърикIуащ япэ адыгэ тхыдэ романыр лъэпкъ литературэм, союзпсо литературэм и зы дахапIэ хъуныр. Пэжщ, нобэ абыи хуеплъэкIыжу IупщIэ хуэзыщIын щыIэхэщ, ауэ абыхэм яхэплъэгъуэнукъым ди япэ романистым литературэм хищIыхьам хуэдэ хэзылъхьэфын.

Шортэн Аскэрбий и IэдакъэщIэкI нэхъ уардэхэм ящыщщ и пьесэхэр. Нобэми ди адыгэ театрым къытригъэзэжурэ егъэлъагъуэ абы и «Яшэмрэ къэзышэхэмрэ», «Мурат», нэгъуэщIхэми къытращIыкIа спектаклхэр. Ауэ, мащIэ дыдэщ зыщIэр, псалъэм папщIэ, абы и «Муратыр» ягъэлъэгъуэн щхьэкIэ езым фIэкъабыл фIэщыгъэцIэр зэрихъуэкIын, имыкурэ имыбгщ зэрыжаIэу, Лениным и образыр хигъэхьэн хуей зэрыхъуар. Ахэр мыхъуатэмэ, тхыгъэр сценэм нэсынутэкъым. Иджы абы ухущIэбжэныр гугъукъым, гугъуу щытар уи IэдакъэщIэкIыр зыхуэбгъэпса театракIуэм бгъэдэплъхьэнрат...

Драматург Iэзэм езым и пьесэ итхым къыщымынэу, ЩоджэнцIыкIу Алий и «Къамботрэ Лацэрэ» поэмэр сценэм кърigъэзэгъауэ щытащ. Ар ямылейуэ лэжьыгъэшхуэщ, гуащIэри зэманри къыпщымысхьу пIэпихыу. Ауэ Аскэрбий и щIэинхэм сыщыхэплъэм щыгъуэ, Шортэным и IэкIэ тха лъэIу тхылъ къэслъэгъуащ, «сэ къыслъыс гугъуехьыпщIэр зэрыщыту езы ЩоджэнцIыкIу Алий и унагъуэм ефтыну сыныволъэIу», жиIэу иту. Апхуэдэу щIищIар езым ахъшэр къелъэлъэхыу арауэ пIэрэт? Пэжщ, Шортэн Аскэрбий и унагъуэр мэжалIэу щытауэ зыми зэхихакъым, ауэ зи щэр къавэхэми ящыщакъым. Уегупсысмэ, уэ къолыжым къыхэпхыу псапэ хэпщIыкIкIэ лIыгъэшхуэкъым, лIыгъэр мащIэм къыхэбгъэкIыфращ.

Иджыри зы щапхъэ къэсхьынщ, зи гугъу сщIа комиссэм дыщыхэтым щыгъуэ фIэкIа дунейм къытемыхьауэ. Зэгуэрым тхакIуэ гуп, Аскэрбии яхэту, Къэсейхьэблэ къуажэм дэт школ-интернатым и лэжьакIуэхэмрэ еджакIуэхэмрэ яIущIащ, я псэукIэми щыгъуазэ защIащ. Абы и ужькIэ, Шортэным машинэ къегъэтри, и унэ щIэт пианинэр а школым щеджэхэм тыгъэу яхурегъашэ - ярищэркъым, зыгуэркIэ ярихъуэжыркъым, апхуэдэ тыгъэ зэрищIари игъэпIийркъым. Ар хэIущIыIу щыхъур дэ и щIэинхэр зэхэддзурэ а школым къикIыу тхакIуэм къыхуатха фIыщIэ тхыгъэр къэдгъуэта нэужьщ. Апхуэдэу щытыфынур зи гур къабзэ цIыхуращ. И гу къабзэм нэмыщIу, абы талантышхуэри иIащ, а талантри зыхуэлэжьар и щхьэ закъуэкъым - лъэпкъращ. Нобэ апхуэдэр «модэкъым», ауэ ар щымыIэу лъэпкъи дыхъунукъым, ди дуней Iыхьэри зэи тхуэфэщэжынукъым. ЛIы Iущым ахэр къыгурыIуэрти, арауэ къыщIэкIынт и цIыхугъэмрэ хуащIу щыта нэмысышхуэмрэ я хэкIыпIэр.

ТхакIуэу, драматургыу зэрыщытам нэхърэ ди тхыдэм дежкIэ зыкIи нэхъ мащIэкъым Шортэным щIэныгъэм хищIыхьари. Сэ фIыуэ къызэхъулIахэм ящыщ зыуэ къызолъытэ абы хуэдэр зи къру пашэу, КъардэнгъущI Зырамыку, Нало Заур, Теппеев Алим сымэ зи шу гъусэу щыта гупым зэгуэр сакъыхэхутауэ зэрыщытар. Хэку зауэшхуэр иухагъащIэу Аскэрбий, орденыбгъэ хъужауэ къигъэзэжри, япэ дыдэу ищIахэм ящыщ зыщ ЩIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым IуэрыIуатэ зэхуэзыхьэсын гуп къыщызэригъэпэщу зэрыришэжьар. А гупым хэтахэм зы хьэлъэзешэ маршынэжь, абы хьэлъэрэ-хьэлъэу зы магнитофон иту, ари «движок» жыхуаIэ генератор цIыкIукIэ лажьэу, ежьэхэщ аби, Мэздэгу губгъуэхэмрэ тенджыз ФIыцIэмрэ я зэхуакум адыгэ щыпсэу къамыгъанэу зэхакIухьащ. Уэшх къешхмэ, къатешхэрт, дыгъэр жьэражьэу къатепсэрт, щIыIэ хъуми, къуэдзапIэншэт, ауэ лъэпкъым и гупсэ IуэрыIуатэр зэхуахьэсырт. Абы щыгъуэ лIы Iущым и гъусахэм ирикъун щIэныгъи яIакъым, щыуагъэ яIэщIэщIэуи щытащ. Ауэ нобэкIэ ди Iэрытх архивым хэлъым и нэхъыбэр а лъэхъэнэхэращ щатхыжар. Абдежми Шортэн Аскэрбий жыжьаплъэу къыщIэкIащ. ЯпэщIыкIэ абы и гупыр хуиунэтIащ нарт хъыбархэмрэ пшыналъэхэмрэ нэхъыбэу тхыжыным. КърикIуар 1951 гъэм къыдэкIа тхылъ дахэшхуэращ. Пэжщ, а тхылъым дэплъагъунущ нобэрей щIэныгъэм и хабзэм темыт Iэджи. ИтIанэми, и зэманым дежкIэ ар адыгэ лъэпкъыр къэзыгъэбжьыфIэн къэхъугъэу щытащ. Абы къыкIэлъыкIуэу Шортэным къалэну зыхуигъэуващ Къэзанокъуэ Жэбагъы и хъыбархэр тхыжын хуейуэ. Абыи зыфI кърикIуащ: тхылъеджэхэм къаIэрыхьащ иджыри къэс я пщIыхьэпIэм къыхэмыхуауэ лъэпкъым и фIыгъуэ - Жэбагъы теухуа хъыбархэр щызэхуэхьэса тхылъ цIыкIу. АдэкIэ а тхылъым кърикIуащ адыгэлI щэджащэм теухуа тхыгъэ къэрал псом щылъапIэ энциклопедие зыбжанэм зэрыратхар - япэ адыгэ философ икIи политикэ Iуэхузехьэ цIэрыIуэ, жиIэу. Дэ дыщызэдэлэжьа зэманым абы итхащ тхылъитIу къыдэкIыжа лэжьыгъэшхуэ, адыгэхэм муслъымэн диныр къащтэным и пэкIэ яхэлъа фIэщхъуныгъэхэм ятеухуауэ. Ар лъэпкъ тхыдэр къэпщытэным дежкIэ куэду хэлъхьэныгъэфIт, нобэми щIэныгъэрылажьэхэр абы ирогъуазэ, нэхъ тхыгъэ пэжхэм щыщу къалъытэу.

Талантышхуэ зиIэр языныкъуэхэм деж, сабийм хуэдэу, жыIэзыфIэщ мэхъу. Аскэрбии апхуэдэт. Къэхъуащ ар къагъапцIэу къыщытрагъэлъэдаи. Ауэ ар зэи хьэрэмышхыу щытакъым, зэхэгъэж иIакъым, хэт щхьэкIи и гур зэIухауэ дунейм тетащ. Абы икъукIэ фIэфIт нэхъыщIэхэр игъэгушхуэн, зыгуэрым дэIэпыкъун. Языныкъуэхэм деж зыдэIэпыкъур имыцIыхуххэу къыщыщIэкI щыIэт. Ауэ фIыщIэр кIуэдыркъым. Абы и тхыгъэхэр лъэпкъым и дыщэ чысэм илъу къэнащ, езым и теплъэмрэ и щэнымрэ сыт щыгъуи узыщIэхъуэпсын лъагапIэщ.

**ГЪУТ Iэдэм,**
*филологие щIэныгъэхэм я доктор.*

# Мэзкъуэдыхэм я щIэгъэкъуэн

**ЩIыналъэ мыхьэнэ зиIэу, ди республикэм хэхауэ яхъумэ и щIыпIэ дэгухэм Тхылъ Плъыжьым иратха псэущхьэ лIэужьыгъуэу 70-м щIигъу мы лъэхъэнэм щопсэу.**

АХЭР къыщызэтена къуэгъэнапIэхэм, я нэхъ мащIэрауэ, гулъытэ хэха яхуэщIыпхъэщ. Нэхъ зэхэщIыкIыгъуэу жытIэнщи, мэзкъуэдыхэр зи хэщIапIэ хьэкIэкхъуэкIэхэм я бжыгъэр зэрыщытам хуэгъэкIуэжыным, уеблэмэ нэхъыбэж щIыным хуэгъэза лэжьыгъэ и чэзум егъэкIуэкIыпхъэщ. ИкIи, абы и лъэныкъуэкIэ къагъэунэхуа Iэмалыщ Iэщ биотехнием и зэфIэкIыр къэгъэсэбэпыныр.

А къалэным пэлъэщхэм ящыщщ КъБР-м ЩIыуэпсыр хъумэнымрэ экологиемкIэ и министерствэм деж щыIэ, «Къэбэрдей-Балъкъэрым хэхауэ яхъумэ и щIыпIэхэр» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэр.

Биотехние щIэныгъэм къызэщIеубыдэ псэущхьэхэм, лъхуэуэ-пIэуэ, я бжыгъэм хэгъэхъуэным хуэгъэза Iуэхугъуэхэр зыхуэдэр убзыхуныр. Ауэ щыхъукIи, абы ипкъ иту ирагъэкIуэкI лэжьыгъэхэр щхьэпэнущ ди республикэм псэущхьэрэ къуалэбзууэ исым я бжыгъэр зэрыщытам хуэгъэкIуэжынми, языныкъуэхэм деж нэхъыбэж щIынми.

Зи гугъу тщIы лэжьыгъэм хыхьэ Iуэхугъуэу псом япэу гъэзэщIапхъэхэм ящыщщ, щIымахуэ лъэхъэнэм ирихьэлIа хьэкIэкхъуэкIэхэр зыщIэс мэзхэм, пIалъэ-пIалъэкIэрэ, шыгъу зыхэлъ Iусхэр щыгъэтIылъыныр, я ерыскъыр а зэманым езыр-езыру къызэрамыулъэпхъэщыжыфым къыхэкIыу. Ауэ щыхъукIи, а Iуэхугъуэм щIэбдзэн ипэ къихуэу, нэбдзэгубдзаплъэу зэхэгъэкIыпхъэщ псэущхьэхэм нэхъ къыщаущыхь, щитIысыкI щIыпIэхэр зыхуэдэри.

Биотехникэ Iэмалхэм ящыщщ псыIагъэ здэщыIэ щIыпIэхэу псэущхьэхэр нэхъ къыщызэтеувыIэхэм деж, зыщыхакухьын хуэдэу, хущхъуэ зыхэлъ ятIэкIэ гъэнщIа псыгуэнхэр щыгъэувынри.

Псэущхьэхэм я гъащIэр зэрырахьэкIым уазэрыкIэлъыплъыфын Iэмал гъуэзэджэщ сурэттех зэмылIэужьыгъуэу иужьрей зэманым къэунэхуахэр. Абыхэм трахахэм уащыхэплъэжкIэ, нэхъри уи фIэщ мэхъу мэзгъэфIэнхэр зи хэщIапIэ псэущхьэхэм я гъащIэр тынш щIынымкIэ биотехникэм и Iэмалхэм я мыхьэнэр зэрыиныр.

2021 гъэм ди республикэм щрагъэкIуэкIа биотехние Iуэхугъуэхэм хыхьэу, мэзгъэфIэнхэм шыгъу зэрызэрахьэ хьэкхъуафэу 120-р къыщагъэщIэрэщIэжащ, хущхъуэ зыхэлъ ятIэ зралъхьэ псыгуэну 43-рэ щаухуащ, хьэкIэкхъуэкIэхэр къыздекIуалIэу щагъашхэ утыкуу 15 щыхагъэунэхукIащ, адэкIэмыдэкIэ тонни 4-м щIигъу зи хьэлъагъ шыгъу щагъэтIылъащ.

Къыхэгъэщыпхъэр аращи, дызэрыхьа 2022 гъэми къэрал инспекторхэм биотехние и лъэныкъуэкIэ ялэжьыпхъэхэм пащэнущ. Псэущхьэхэм я зэмылIэужьыгъуагъэм кIарымыгъэхунымрэ ахэр зэрыс щIыпIэхэм къигъэнэнымкIэ Iуэхугъуэу ирагъэкIуэкIынухэм ящыщщ:

- ЛыхэкIыр зи мыхьэмышх хьэкIэкхъуэкIэхэм хьэщхьэрыIуэ узыр къапкърымыхьэн папщIэ, ахэр щызэхэзекIуэ мэзкъуэдыхэм иммунизацэм хуэгъэза Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр щрагъэкIуэкIынущ.
- хьэкIэкхъуэкIэхэр щысхьыншэу зэтезыукIэ цIыхухэм япэщIэтыныр зи къалэн гуп щхьэхуэхэм къыщакIухьынущ.
- щIыпIэ дэгухэм хуиту къыщызыкIухь псэущхьэхэм я бжыгъэр пIалъэ-пIалъэкIэрэ щIапщытыкIынущ.

Дызытепсэлъыхь Iуэхум ехьэлIауэ Индием щыпсэухэм ижь-ижьыж лъандэрэ къадекIуэкI псэлъафэщ, «ЩIыуэпсыр ди адэжьхэм къытхуагъэна щIэинкъым, атIэ, ди яужь къинэнухэм щIыхуэу къеIытха хъугъуэфIыгъуэщ».

А псом къыхэкIыуи, иджыри зэ къытыдогъэзэжри, биотехнием и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ псэущхьэхэм я бжыгъэм кIэремыгъэхуныр, дыкъэзыухъуреихь дунейм къыщыхъу къэхъукъащIэ шынагъуэхэм ахэр щыхъумэныр, абы къыдэкIуэуи щIыуэпсым лейуэ ирахыр ягъэмэщIэн зэрыхуейм цIыхухэр къыхуеджэныр.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**

# ПФР-м и сайтым къыщыпщIэфынущ

**2022 гъэм щIышылэм и 1-м щIидзауэ Урысейм и Пенсэ фондым и къудамэу КъБР-м щыIэм щIыналъэм щыпсэухэм Iэрегъэхьэ нэхъапэм социальнэ къыщхьэщыжыныгъэмкIэ IэнатIэхэм яту щыта компенсацэмрэ пособиехэмрэ.**

НЭХЪАПЭКIЭ хуагъэува пособиехэр цIыхухэм адэкIи яIрыхьэнущ зэрыщытам хуэдэу икIи ипэкIэ ягъэлъэгъуа реквизитхэмкIэ. ЩIэрыщIэу зебгъэтхыжын е къуатыным адэкIи къыпащэн папщIэ зыщIыпIи укIуэн хуейкъым. Къэралыр къызэрывдэIэпыкъу фхуагъэувамэ, 2022 гъэм къыщыщIэдзауэ лъэIукIэ зыхуэвгъазэ хъунущ Пенсэ фондым и клиент IэнатIэхэм е «Мои документы» Iуэху куэд щызэфIах центрхэм. Фи лъэIум и статусыр къыщыфщIэ хъунущ ЕКЦ-м (Зыуэ щыт контак-центр) мы номеримкIэ 8-800-6-000-000 е Урысейм и Пенсэ фондым и къудамэу КъБР-м щыIэм и телефонымкIэ: 8-800-600-01-84, сыхьэти 9-м къыщыщIэдзауэ сыхьэт 18-м къриубыдэу.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, зи гугъу тщIыр къэралыр зыдэIэпыкъухэрщ:

сабий зиIэ лэжьапIэншэхэм;

радиацэм и лей зытехьахэм;

политикэ, нэгъуэщI IуэхукIэ лей зытехьауэ ягъэзэхуэжахэм;

ныкъуэдыкъуэхэм (сабий-ныкъуэдыкъуэхэм), я узыншагъэм тещIыхьауэ транспорт зратахэм;

ПФР-м пенсэ зрит дзэ къулыкъущIэхэмрэ абыхэм я унагъуэхэм ящыщхэмрэ.

Социальнэ дэIэпыкъуныгъэхэм ящыщу Пенсэ фондым и къалэнхэм хагъэхьахэм зыщывгъэгъуэзэфынущ ПФР-м и официальнэ сайтымкIэ: https://pfr.gov.ru/grazhdanam/mery_podderzhki.

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**

# Тхыдэмрэ нобэмрэ зэпызыщIэ

**Илъэсыщ Iэ тыгъэ пэлъытэ хъуащ гъэ блэкIам и кIэм ди газетым и лэжьакIуэ, тхакIуэ Фырэ - Къаныкъуэ Анфисэ романищу зэхэт и «Хьэтхэр» трилогиер Бекъул Iэниуар игъэлажьэ «Принт-центр» тедзапIэм къызэрыщыдэкIар. ФIыщIэ лей хуэфащэщ мылъку и лъэныкъуэкIэ тхылъым щIэгъэкъуэн хуэхъуа «Адыгэ дуней» лъэпкъ фондми.**

2019 - 2020 гъэхэм «Адыгэ псалъэм» и газетеджэхэм япэу Iэмал ягъуэтащ Анфисэ и IэдакъэщIэкIым щыгъуазэ защIыну. «Хьэтхэр» тхылъ щхьэхуэу къыдэкIа нэужь, абы езыр-езыру и ужь къиуващ «Мэуэтхэр», къыкIэлъыкIуэ илъэс ныкъуэм «Чэрэчэ» цIэ щIэщыгъуэр зыгъуэта, трилогием и ещанэ Iыхьэри щIэджыкIакIуэм Iэрыхьащ.



Дэ тщIэркъым ипэжыпIэкIэ ди лъэхъэнэм и пэкIэ гъащIэр зэрекIуэкIар, ауэ тхакIуэм дзыхь хуэтщIурэ, абы къигупсыса дуней къызэрымыкIуэм дыщопсэу, и тхыгъэр щIэдджыкIыху. ТхакIуэм и еплъыкIэр ууейм щытемыхуэ къэхъуми, мыхьэнэ зиIэр абы итхар зыхуэгъэпса щIэныгъэ къудамэм хэзэгъэнращи, «Хьэтхэри», «Мэуэтхэри», «Чэрэчэри» литературэм ипкъ иткIэ ехъулIэныгъэу зэрыщытым шэч хэлъкъым.

Романищми «Хьэтхэм» щызэрыубыда лIыхъужьхэм ящыщу тхылъеджэхэми езы тхакIуэми нэхъыфIу халъагъукIа Алэдамэ и образыр кIуэцIрокI. Япэ романым ар зи къару зэрымыубыда ныбжьыщIэу къыхэувэмэ, «Мэуэтхэм» щIалэр балигъ хъуа пщышхуэу хэтщ, ауэ абы нэсын папщIэ, иджыри къару куэдрэ лъы мымащIэрэ игъэжэн хуей мэхъу. Сыт пщIэн? Дунейм щытепщэр къарурщ.

Дигу къэдгъэкIыжынти япэ тхылъыр. ХьэтейкIэ зэджэ къэралым ипщ МывэтIалэ хэгъэгум и щыхьэр Хьэтуссэ щопсэу. Мысырым и фирхьэун Рамзес ЕтIуанэр хэгъэгум къебгъэрыкIуэну зэримурадыр тIасхъэщIэхэм хъыбару къыщахьым, пщым Хасэшхуэ зэхуешэс. Хьэкъмыс щIыналъэм къокIри, Хасэм къокIуэ МывэтIалэ и къуэш нэхъыщIэ Хьэтусилэ. ЗэкъуэшитIыр зыщагъэIеин папщIэ, бзаджащIэхэм а тIум я зэхуакум псалъэмакъ гуэрхэр щызэрахьэ, ауэ МывэтIалэ акъыл хурокъу и къуэшым пщIы зэрытралъхьэр къыгурыIуэну. Сабий сымаджэрилэу щыта Хьэтусилэ лIы лъэрызехьэ къищIыкIам и мызакъуэу, къашкъэхэм (къызэрыбгурыIуэн хуейр - нобэрей адыгэхэр къызытехъукIа къудамэхэм я зым) ящыщ бзылъхугъэм диухуа унагъуэм щынасыпыфIэщ. Зэкъуэшхэм я анэ дунейм ехыжари а лъэпкъым щыщщ. Романым зиужьыху Хьэтусилэ къыIэрыхьэ пщыгъуэр къэрал зехьэкIэ захуэм и щапхъэу зэрыщытращ ди нэгу щIэкI теплъэгъуэ псори зэкIуэлIэжыр.

МывэтIалэрэ абы и щхьэгъусэ Гуащэлейрэ мэгузавэ, пщыр дунейм ехыжмэ, абы хъулъхугъэ щIэблэ зэримыIэм и зэран къэралым екIынкIэ. Пщым Шэтэнду зи цIэ бзылъхугъэ мыщхьэхуитым дигъуэта и къуэ закъуэ ТIэшуб гъэсэныгъэ щIагъуэ бгъэдэлъкъым, ауэ хабзэкIэ пщыгъуэр зылъысыр аращ. «ЩIэщ быныр адэм щыхуэфащэ, къэзылъхуам и щхьэр лъагэу щригъэлът. ЩыIэщ бын мыхъумыщIэм уи щхьэр щIыуигъэхьарэ, зыкъыпхуэмыужьыжу, уэрыщыгугъауэ къызэрыщIэмыкIам утеукIытыхьу, цIыхум хуиту уащыIумыплъэф. Апхуэдэу къыщIэкIат Хьэт къэралыгъуэм и пщы уардэм и къуэ закъуэри. АдэфI къуэфI хуэщкъым жыхуиIэрат», - гурыIуэгъуэ ещI тхакIуэм пщым и гум щыщIэр.

Тхыдэм щыцIэрыIуэщ Мысырымрэ Хьэт къэралыгъуэмрэ зэдрагъэкIуэкIа Къадэш зауэр. Къэралыгъуэм и къарури, лIыхъужьхэм я цIыхугъэр здынэсри къыбгуригъаIуэу къыхоувэ романым а тхыдэ напэкIуэцIыр.

Сюжетыр тхыдэ тегъэщIапIэ зиIэ къэхъукъащIэхэмкIэ узэдащ. Ахэр щIэщыгъуэу, хахуэр - хахуэу, Iущыр - Iущу, бзаджэр - бзаджэу, гуакIуэр - гуакIуэу зэрызэкIэлъыкIуэр щыплъагъум деж, дунейм хэIущIыIу щыхъуа, литературэмрэ тхыдэмрэ щызэIэпэгъу тхыгъэ цIэрыIуэхэр нэгум къыщIоувэ. Аращ Анфисэ и романхэми фильм теплъщIыкIыну мурад пщIымэ, къохъулIэнщ щIахужыпIэр. Теплъэгъуэхэм, тхылъеджэр темызашэу, жьы щIэту захъуэж, къыбжаIэр тыншу зэпыпщIэрэ Iуэхугъуэ цIыкIуфэкIухэр пфIызэхэмызэрыхьу.

Бзэ тыншкIэ матхэ Анфисэ, и псалъэуха ухуэкIэм уимылъахъэу, хуиту укъоджэ. КъыбгурымыIуэнкIи хъуну къигъэщхьэпэ псалъэщIэхэр щхьэхуэу къехьри, я мыхьэнэхэми щыгъуазэ дещIыж.

Хабзэ щхьэхуэ зиIэж литературэм къыщыхъу телъыджэхэм яз къыщIэкIынщ лIыхъужьхэр зигу пымыкI тхылъеджэхэм я лъэIукIэ Анфисэ и романым къыпищэну мурад зэрищIар.

Япэ романыр адыгэхэм я къежьапIэ жыжьэу къалъытэ хьэтхэм яхэту къэхъуа Алэдамэ къыщалъхуа и Хэкум зэригъэзэжымкIэ иухат. «Мэуэтхэр» романми лIыхъужь нэхъыщхьэу хэтыр а щIалэрщ. Ауэ Алэдамэ и щIыбагъ дэлъщ пащтыхь Хьэтусилэ деж щызригъэгъуэта хэкулI Iэзагъыр, акъылыр, езыри балигъыпIэ иуващ. Мыбдежым Мэуэт къэралыгъуэмрэ дэрдэней алыдж лъэпкъымрэ Iуэзв хыр зэпаубыдауэ щыщыта лъэхъэнэр ди нэгу къыщIегъэхьэ тхакIуэм.

«Хьэтхэм» ещхьу, «Мэуэтхэр» романми Анфисэ ди нэгу щыщIигъэкI цIыху хьэлхэр, сюжетым и зыужыкIэр езыр-езыру къигупсысами, тхыдэ и лъэныкъуэкIэ тегъэщIапIэ ищIар щIэныгъэлIхэм утыку кърахьа Iуэтэжхэрщ.

«Чэрэчэм» и гугъу пщIымэ, ипэрей романитIми ещхьу, ари Анфисэ адыгэ тхыдэм и нэхъ къехьэжьэгъуей лъэхъэнэр Iэзэу зэрытхуэлъыIуихам и щапхъэщ. Абы ди нэгу щыщIокI хьэт къэралыгъуэжыр дунейм зэрытебзэхыкIыжыр, езы тхакIуэм зэрыжиIэщи, чэрэчэу къэрал цIыкIу-цIыкIуурэ зэрызэбгралъэфыр. «Хьэтхэмрэ» «Мэуэтхэмрэ» ещхьу, мы тхыгъэри «эпическэ» жыхуаIэ тхыгъэ убгъуащ, къэралыгъуэхэм я зэхэтыкIэр и лъабжьэу, лIыхъужьхэм я дуней тетыкIэр цIыху цIыкIум къикIуа тхыдэ гъуэгуанэм и щапхъэу къэуву. Благъэхэр къызэрагъуэтыжым ещхьу, Анфисэ фIыуэ дигъэлъэгъуа лIыхъужьхэм аргуэру даIуегъащIэ. НыбжьыщIэу «Хьэтхэм» хэта Алэдамэрэ Тутхьэлийрэ иджы щхьэж къэралыгъуэ зырызым и тепщэщ. Ахэр дамэгъу зэрыгъэхъуу я бийхэм зэрапэщIэувэр, я бынхэр зэрызэрыцIыхур, Алэдамэрэ Удынэрэ зэрахьэ мэуэт къэралыгъуэр зэрызекIуэр... Апхуэдэ теплъэгъуэ гъэщIэгъуэн куэд тхылъеджэм къыщыпоплъэ «Чэрэчэм» и напэкIуэцIхэм.

Тхыгъэхэм гува-щIэхами яхуэфэщэн гулъытэ ягъуэтыжынущ. Ауэ ахэр зы дакъикъэкIэ къэгъэнауэ, гу лъывэдгъэтэну дыхуейт литературэ мардэкIэ къапщтэмэ, тхэн щIэзыдзахэм хэбжапхъэ цIыхубз цIыкIум зы илъэсым кърииубыдэу романищ зэритхыфар къыщIэдздэжурэ зыхуэдгъэщIэгъуэжын хуей къэхъукъащIэу зэрыщытым. Сыту жыпIэмэ, лъэпкъыр лъэрызехьэ зыщIри, тхыдэ гъуэгуанэм къытезынэри Iэщэм, фащэм, къафэм е уэрэдхэм я закъуэкъым, атIэ абы и бзэмкIэ зекIуэ, къэрал гъунапкъэм икIыу адрейхэм къезыгъэцIыху, езыми зезыгъэцIыхуж, и дуней тетыкIэр къызэрыщ тхыгъэ къыхэщыпыкIахэрщ. Щапхъэм и хьэтыркIэ, тхылъ щIэныгъэкIэ дыкъызыкIэрыху лъэпкъышхуэхэм уахэплъэмэ, дунейпсо цIыхубэм зи цIэ яIурылъыр я къэухьым зезыгъэужьа я усакIуэхэрщ, я тхакIуэхэрщ, я пушкинхэрщ, я шекспирхэрщ, я чеховхэрщ, я толстойхэрщ, я гейне-гётехэрщ. Iэщэм и къарур нэхъ ину щытамэ, адыгэхэр зауэлI хуэIухуэщIэкIи хахуагъкIи япэ итахэм ящыщт. Гум пхыкIа пэжыр хьэлу къозыгъащтэ щэнхабзэрщ урамыудыжын узыщIыр. Аращ романыщIэкIэ узыгъэгуфIа тхакIуэр лагъымыщIэ зэпкърызылъхьахэми, узыфэ зэрагъэхъуж хущхъуэщIэ къэзыгупсысахэми япэ имытмэ, къащIыкIэрымыхур.

Зи къалэмыр жан журналист, зи хъэтIыр къэпцIыхуж тхакIуэ хъуа Анфисэ къиухар КъБКъУ-м химиемрэ биологиемрэ щадж и факультетырщ. Ара къыщIэкIынщ псалъэр удз хущхъуэм хуэдэу цIыхугум хутелъхьэу зыщригъэсар. ГушыIэр къэгъэнауэ, еджа псори IэщIагъэлI зыщIыжыр лэжьыгъэмрэ абы зэрыбгъэдэт жэуаплыныгъэмрэщ. Щапхъэм, ущием, узыдэплъеин нэхъыжь уиIэнымрэ и мыхьэнэм утепсэлъыхьмэ, щытхъу куэдыIуэ пIэщIэкIынкIэ умышынэу, жэщи махуи IэтыпхъэщI Анфисий, адыгэ литературэр зыщыгугъ абы и ныбжьэгъухэми литературэ факультет яхуэхъуа, Хьэх Сэфарбий и гуащIэр зыхэлъ «ШыхулъагъуэI» зэгухьэныгъэри.

«Хьэтхэр» зыIэрызыгъэхьэну хуейхэм тхылъыр къыщагъуэтынущ «Адыгэ унэ», «Тхылъхэм я дуней» («Книжная среда») тыкуэнхэм.

**ЧЭРИМ Марианнэ.**

## Дунейм щыхъыбархэр

### Вакцинэр псоми халъхьэнущ

**Германием и федеральнэ щIыналъэ 16-м я Iэтащхьэхэр хэту екIуэкIа зи чэзу саммитым щытепсэлъыхьащ къэралым и пандемиер зыхуэдэм. Германием и канцлер Шольц Олаф зэрыжиIэмкIэ, карантин щытыкIэр нэхъ ткIий ящIынукъым, ауэ икIи къагъэтIэсхъэнукъым.**

Зэхыхьэм нэхъ убгъуауэ зи гугъу щащIар узым зэрыпэщIэт вакцинэр Iэмал имыIэу цIыху псоми халъхьэным теухуа хабзэр къэщтэныращ. «Жылагъуэм коронавирус уз зэрыцIалэм укъезыгъэл иммунитет зэрагъэгъуэтэн папщIэ икIэщIыпIэкIэ мастэр нэхъыбэм зэрыхалъхьэным дыхущIэкъун хуейщ, армыхъумэ, пIалъэкIэрэ узым къытригъазэурэ екIуэкIынущ, къэкIуэгъуэ къэси эпидемие щытыкIэр нэхъ хьэлъэ хъунущ», - къыхагъэщащ зэIущIэм хэтхэм.

### Мылылъэ абрагъуэ

**2017 гъэ лъандэрэ Ипщэ тенджызым хэта мылылъэ абрагъуэр зыри къэмынэу ткIуащ. Абы къыщIэкIащ псы узэфэн тонни 152-рэ.**

Мылылъэр Антарктикэ хытIыгу никъуэм къыгуэхуауэ щытащ икIи илъэс зыбжанэ хъуауэ ищхъэрэ лъэныкъуэмкIэ есыху тынджызым тетт. ЩIэныгъэлIхэм къызэрабжамкIэ, мазищым къриубыдэу мылылъэм псы тонн меларди 138-рэ къыщIэкIащ. Ар ирикъунущ олимп мардэхэм тет псыгуэну мелуан 60 псыкIэ гъэнщIыным. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, апхуэдэ къэхъукъащIэр Iэужьыншэу къэнэнукъым икIи Георгие Ипщэ хытIыгумрэ абы и Iэгъуэблагъэмрэ абы ижь ящIихунущ: фIыкIэми IейкIэми зэманым къигъэлъэгъуэнщ.

КъыщIыгуэхуам мылылъэм и инагъыр километр зэбгъузэнатIэу мини 6 хъурт. Хым хэхуэн ипэ, абы и щытыкIэм зыкIи зихъуэжауэ щытакъым, ауэ иужькIэ псынщIэу нэхъ цIыкIу хъун щIидзащ.

**ЩIышылэм и 25**
*гъубж*

♦ **Урысейм щагъэлъапIэ Студентхэм я махуэр (Татьянэхэм я махуэр)**
♦ **Урысей Федерацэм и Дзэ-Тенджыз флотым и къхухьхэм я унафэщIхэм я махуэщ**
♦ **1908 гъэм** къалъхуащ Адыгэ Республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и IэнатIэм и къызэгъэпэщакIуэхэм ящыщ, УФ-м щIыхь зиIэ и дохутыр **Бэч Мэлэчхъан**.
♦ **1935 гъэм** къалъхуащ сабий усакIуэ **Щоджэн Аслъэнджэрий**.
♦ **1941 гъэм** къалъхуащ мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **ГъукIэжь Владимир**.
♦ **1947 гъэм** къалъхуащ УФ-м щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Щад Азджэрий**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, уэшхрэ уэсрэ зэщIэлъу къехынущ. ЩIыIэр махуэм градус 1, жэщым градуси 5 - 4 щыхъунущ.

**ЩIышылэм и 26**
*бэрэжьей*

♦ **Таможенникым и дунейпсо махуэщ**
♦ **Интернетыр къэмыгъэсэбэпыным и махуэщ**
♦ **1944 гъэм** КъБР-м Аруан щIыналъэр къыщызэрагъэпэщащ.
♦ **1936 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ **Тау Хьэзешэ**.
♦ **1949 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал саугъэтым и лауреат **Джэдзауэ Венерэ**.
♦ **1952 гъэм** къалъхуащ тхыдэдж, зэдзэкIакIуэ, тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат **Мэлбахъуэ Къэралбий**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, уэшхрэ уэсрэ зэщIэлъу къехынущ. ЩIыIэр махуэм градуси 2 - 1, жэщым градуси 5 - 4 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:
**Дахэ зыхэмызагъэ щыIэкъым.**

# IуэрыIуатэ - дыщэ пхъуантэ



*НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар*
**ТАБЫЩ Муратщ**

## Анэ гъэпыхьэ, адэ гъэгъу

Уэ бэзэнэри бэзэнэ,
БэзэнэкIэ сызэджэри бэзэнэщ,
Сабий узщи фэрэкIщ.
Анэ гъэпыхьэ гущэщи,
Адэ гъэгъу мыгъуэщ.
Уэр бэзэнэри щыгъиищи,
Зырызыхэуи мэтIыгъуэ,
И тIыгъуэкIэри гухэхъуэщ,
Гур хэзыгъахъуэри и узщ,
И узыгъуэри хуэпсынщIэу,
ПсынщIэуи хъужми ди щIасэщ,
Гъунэгъу нысэхэри егъэпыхьэ,
Жэмыхьэт лIыжьхэри егъэпэкIу,
ЗекIуэ кIуэнри зрегъэжьэ,
Гъэ нысащIэри щэхуу мэдаIуэ,
ЗимыщIасэри псым ихь,
Уз зэрызехьэщи, хэкум йозэрыхь.
Нысэу хэгъэгум исри зэхэзожэ,
КIэлъыхопкIэри ирехьэх,
Ар хыхьэу хэзыхыжыр
Янэжь тхьэмыщкIэти мэгуIэ,
ГуIэгъуэр зыдэлъыр
Къуажэ зыдыхьэнурат.
И гуIэгъуэм Тхьэм гущIэгъу
къыхуищI.
Къурмэнышхуэр ди нузырт,
- И псэ закъуэр къысхуэнэтэм,
ТхьэмыщкIэ куэдри щызгъэшхэнт,
Хэт ишхри къызэмыхьэлъэкIыу,
Унэм сикIмэ тхьэ селъэIуу,
СызыхуелъэIур тхьэмыщкIэу,
Си псэ закъуэр къихъуматэмэ,
Мы бэзэнэм сэ сыкъелтэмэ,
Си Тхьэ лъапIэм сыхуарэзынт,
Сэ си гъащIэри щIалэ закъуэм
и хьэтыркIэ тыншынт.



## ФэрэкI хэкIыжыр зэрырагъэжьэж

Уэ тхьэрыкъуэ тхьэрыкъуэ, и-и-уэрэда.
Тхьэрыкъуафэм зеудэ, и-и-уэрэда.
Зыщиудэр щыгъищ, и-и-уэрэда.
Щыгъэ цIыкIухэр зырызщ, и-и-уэрэда.
Зырызыххэу мэтIыгъуэ, и-и-уэрэда.
И тIыгъуэкIэр гухэхъуэщ, и-и-уэрэда.
Гур хэзыгъахъуэр и узщ, и-и-уэрэда.
И узыгъуэр хуэпсынщIэщ, и-и-уэрэда.
ПсынщIэу тэджмэ, ди щIасэщ, и-и-уэрэда.
Ар зи щIасэр Тхьэм и щIасэщ, и-и-уэрэда.
Ар зи жагъуэр псым ихь, и-и-уэрэда.
КIэлъыхыхьэр ирихьэх, и-и-уэрэда.

## Хьэмым тетмэ гъунауэщ

Хьэмым тетмэ гъунауэщ,
Гъунауэ Iэзэти зэраблщ.
Мэзыблэпэжьмэ
уадэхъуу,
Дэхъурэ-дэшхэ
ирекIуэкI,
УекIуэкIмэ – упыкIынщ.
Ар пызыгъэкIыр
зы лъабжьэщ,
Зи лъэбжьанипщIхэр
маисэщ,
Маисэ бжьакъуэхэр
зытетщ,
Хьэмым тетым я лейщ,
Я лейр къанти,
Гъатхэ пэгъухэр хуаупс.
Дыгъэ уэсэпсым
щагъэхъу,
Дэхъурэ-дэшхэу
ирекIуэкI,
УекIуэкIмэ – упыкIынщ.
Уэ пыбгъэкIыр лъапищщ,
Лъапищэ пчахэр
къэпчыжщ,
Гъавэ къэтшэжым
уегъэпщ,
Уи Iэпщэлъапщэхэр
бгъэлажьэщ,
Лэжьыгъэу къакIуэр
бэвщ,
ЗыщымыщIэжхэр
ди хьэмщ.
Уэрэдэ, уэрэдэ
Жэмыкъуэ,
Зэкъуэ-зэшымкIэ зэдеуэ,
Зэдемыуэр
хыболъагъуэ,
Абы хэплъэгъуар
хэпIуащ,
И Iуэжахуэр и Iусщ,
Зи жэщ Iусым щымыщIэ.
ЗэрыгущIэри и
лъабжьэщ,
И лъэбжьанитIыр
маисэщ,
Маисэ бжьакъуэр
зытетщ,
Бжьакъуэр зытетым
я лейщ.
Я лей къатми мэгъуагъуэ,
Гъатхэм пэгъур яупси,
Уэсэпсыщхьэм
щагъэхъу,
Жьауэм щIэхъукIмэ
я щIалэщ.

## ЩIасэм и тхьэусыхэ

Пщышхуэурэ Къетыкъуэпщыр дэмыс,
Гуащэ закъуэу дэсыр бзэпсыщIэт,
Бзэпсу абы ищIахэр къазым и къурмакъейщ,
Къазым и къурмакъейр зэполъэф,
Шыфэ ныкъуэ псор зи шалъэ,
Шэжьищу абы илъхэр бзиихъущ.
Бзиихъу щхьэкIэ пхъашэщ,
Iэхъуэм дгъэкIуагъэ бзаджэр къоджэдэж,
Къамылурэ си бжьыщхьэ кIапэм къоувалIэ,
Чэщейуэрэ си щхьэгъубжэшхуэм къыкIэроувэ,
Мы щIасэм жесIэгъа псалъэр къызэхех,
НыбжькIэ кърамыха сэшхуэр кърелъэф,
Бланафэурэ си джэдыгукIэр къыпегъэху,
Данэхуу си IэблэшхуитIыр пыIузодз,
ЛIы щIасэм зыдезгъэкIуххэурэ щIызогъэкIыж.
ЩIасэм и пщIэгъуалэшхуэр пщэ дахэщ,
Пщащэм я нэхъ дахэми хэплъыхь ещI,
Хэплъэ-хэплъыхьурэ сэ къыхэсхар
КъызэмыплъэкIыххэурэ мэкIуэж.

## МыхъумыщIэхэр зымыдэ

Уэ джыджэу зэрыхъэу,
Уэ хъэру къуэзын,
Зиусхьэнхэм я нэр щожей,
Зиусхьэным и псыхъуэ жэрыр
Афэ гъунэм кърожэ.
Дунейм щыхъуар зылъэгъуа,
МыхъумыщIэхэр зымыдэ,
Тхьэшхуэмэ йодэбанэ,
Жыг бынхэр къыдокI,
КъыдэкIахэр къудамэщ,
КъудамитIыр зэронэ,
Я унащхьэхэр къахощ.



# Лъэпщрэ Жыг-Гуащэмрэ



Нартхэр зыхуей псор яхуищIри, Лъэпщ ищIэн имыгъуэтыжу къыщынэм, зэш хъуащ. Хуэмышэчыжщыхъум, Сэтэней-Гуащэ деж кIуэри елъэIуащ.

- Сэтэней-Гуащэ, созэш, сщIэн згъуэтыркъым. Си къарур зэсхьэлIэн сымыгъуэту гъущIу сиIэр супIэщIащ. Гуащэу щыIэм уэ нэхърэ нэхъ Iущ яхэмыту жаIэ, сщIэн къысхуэгупсыс! – жиIэри.

- Сыт къыпхуэзгупсысын? - гузэващ Сэтэней-Гуащэ. - Нартхэ Iэщэ хуейм яхуэпщIащ, нартхэ гъубжэ хуейм яхуэпщIащ. ЦIыху зыхуей псори пщIащ. Иджы еуи ежьи дунейр къэкIухь, адрей цIыхухэр зэрыпсэур зэгъэлъагъуи, нартхэ щIэныгъэ къахуэхь. Тхьэм укъимыужэгъужамэ, зыгуэр къэбгъуэтынщ.

- Дунейр къэскIухьын щхьэкIэ сыт сыхуеину?

- Зи узыхуеишхуэ щыIэкъым. Мылэжьэну зы фэилъхьэгъуэ зэгъэпэщи ежьэ. Мэш зыщIэм фIыуэ укъелъагъу, Iэщ зыгъэхъур уи ныбжьэгъущ, абыхэм шхын щхьэкIэ уагъэлIэнкъым.

Лъэпщ еуналIэри нэхъ жыр быдэ дыдэм къыхихщ, жыр вакъэ ищIри лъитIэгъащ, жыр пыIэ ищIри щхьэритIэгъащ, жыр баш ищIри ар IэщIэлъу ежьащ. Лъэпщ апхуэдизкIэ псынщIэу кIуэрти, зы мазэ гъуэгур зы махуэм икIурт, зы илъэс гъуэгур зы мазэм икIурт; къурш хуэзэм - ебакъуэрт, псы хуэзэм - елъэрт.

КIуэм-лъейм, кIуэм-лъейурэ псибл зэпиупщIри, тенджыз Iуфэм Iухьащ. Жыгищэ къричщ, иухъуэнщIщ, зэрипхри хым тригъэлъэдащ, езыр абы теувэжри абы икIащ. ЗэрикIыу псы Iуфэм джэгуу Iусу ирихьэлIащ хъыджэбз гуп, набдзэ зытелъым я нэхъ дахэу. Лъэпщ занщIэу хьэщыкъ яхуэхъуащ абыхэм, ауэ епхъуэ пэтми, зыри къыхуэубыдакъым, апхуэдизкIэ цIанлъэхэти IэщIэцIэфтыжырт. Ирихужьэри ялъэщIыхьакъым. ИтIанэ лъэIуащ:

- Тхьэр фызогъэлъэIу, фызищIысыр къызжыфIэ. Фэ фхуэдэ си ныбжьым слъэгъуакъым. Сэ слъэгъуам хьэтыр къысхуэзымыщIа къахэкIакъым, – жиIэри.

- Жыг-Гуащэм дритхьэIухудщ, - жаIащ хъыджэбз гупым. - Ди гуащэм уныхуеблагъэмэ, уи хьэтыри къилъагъунщ.

- НакIуэ, сыфшэ, - жиIэри Лъэпщ тхьэIухудхэм я ужь иувэри кIуащ.

Нэсмэ, зы жыг зэрамыщIэж щытщ, жыгыуи мыжыгыу, цIыхууи мыцIыхуу, – зищIысыр къыпхуэмыщIэну. И лъабжьэр кууэ щIым хэту, и щхьэцыр пшэм хуэдэу уэгум иту, и IитIыр цIыхуIэу, и нэкIур дахэм я нэхъ дахэу, дыщэмрэ дыжьынымрэ къыхэщIыкIауэ.

Жыг-Гуащэр Лъэпщ къыщыгуфIыкIри иригъэблэгъащ, игъашхэщ, иригъафэри игъэгъуэлъыжащ. Жэщыбгым Лъэпщ къэушри, зэрегуэкIуар абы жриIащ.

- Дауэ хъун, - идакъым Жыг-Гуащэм, - сэ сыгуащэщ, цIыху цIыкIу иджыри къэс къыслъэIэсакъым.

– Сэри тхьэхэм сащыщщ, - жиIэщ Лъэпщи, Жыг-Гуащэр къыдихьэхащ.

Гуащэм Лъэпщ игу ирихьащ икIи мыкIуэжыну къелъэIуащ.

- Хьэуэ, хъунукъым сыкъанэ, - идакъым Лъэпщ, - сэ щIым и гъунэр къэзгъуэту нартхэм щIэныгъэ яхуэсхьын хуейщ.

- Ущымыуэ, Лъэпщ, – щIэныгъэ ухуейм сэ уэстынщ, сэ си лъабжьэр щIым хэтщ, щIым щIэлъ псори сощIэ, си щхьэцыр уэгум итщи, уафэм ит псори сощIэ. ЩIым гъунэ иIэкъым, алейкIэ умылъыхъуэ.

- Iагъу, гъунэ зимыIэ щыIэкъым, - и фIэщ хъуакъым Лъэпщ.

- ЩIым фIэкIа гъунэ зимыIэ щыIэкъым, уемыжьэ. Сэ уэгум ит вагъуэхэр уэзгъэцIыхунщ, щIым щIэлъ псори уи IэмыщIэ ислъхьэнщ, щIы щхьэфэм тетри уэстынщ.

АрщхьэкIэ, Жыг-Гуащэм жиIэр и фIэщ мыхъуу, Лъэпщ ежьэжащ. И вакъэр лажьэу и лъапэм къыфIэхуэжыху, и башыр лажьэу и IэмыщIэм къимыщыж хъуху, и пыIэр уэшхым ишхыу и пщэм уэрдыхъуу къыфIэхуэжыху къикIухьри, щIым и гъунэр игъуэтакъым. КъигъэзэжFри, Жыг-Гуащэм деж къекIуэлIэжащ.

- Къэбгъуэта щIым и гъунэр? – къеупщIащ Жыг-Гуащэр.

- Хьэуэ.

- АтIэ сыт къэбгъуэта?

- Зыри къэзгъуэтакъым.

- АтIэ сыт зэбгъэщIа?

- ЩIым гъунэ зэримыIэр зээгъэщIащ.

- ИтIанэ-щэ.

- ЦIыхум и IэпкълъэпкъыргъущIым нэхърэ зэрынэхъ быдэр зээгъэщIащ.

- ИтIанэ-щэ?

- Зи закъуэ гъуэгурыкIуэм нэхърэ нэхъ гугъу зэрыщымыIэр зээгъэщIащ.

- А псори хъарзынэщ, - жиIащ Жыг-Гуащэм. - Ауэ Нартхэр ирипсэуну сыт къахуэпщIа, сыт къахуэбгъуэта?

- ЗырикI.

- АтIэ абы щхьэкIэ къыщIэпкIухьын щыIакъым. Сэ жысIам укъедэIуауэ щытамэ, фи лъэпкъыр псэууху яхуэмыухын щIэныгъэу уэстынт. Нартхэр фыцIыху ерыщщ, фыпагащэщ. Абы фытекIуэдэжынщ. Ауэ къанэр ирипсэуну мис мыр фызот, – жиIэри Лъэпщ зы сабий дыгъэ къыIэщIилъхьащ. – Мыр уэ уи къуэщ, здэхьыж. Сэ щIэныгъэрэ IэщIагъэу сиIэр абы хэслъхьащ. Къэхъумэ, зэрыхъу флъагъункъэ.

Лъэпщ сабийр къихьри къэкIуэжащ. Псалъэу и бзэр къыщиутIыпщым, Нартхэм къажриIащ:

- Мо уафэм ит Шыхулъагъуэр флъагъурэ?

- Долъагъу.

- АтIэ зекIуэ фыщыкIуэкIэ, фыкъыщыкIуэжкIэ ар фымыгъэгъуащэмэ, фэри фыгъуэщэнкъым, - жиIащ.

- Алыхь-алыхь, мыр къэхъумэ, зы бэлыхьыр къигупсысынщ, мыр хуэсакъыу пIын хуейщ, – жаIэри фызибл бгъэдагъэуващ япIыну, кIэлъыплъыну.

АрщхьэкIэ зы махуэ гуэрым фызхэр зэщыхьэжри, сабийм теплъэкъукIащ. Апхуэдэу щыхъум, сабийр дэкIуэсыкIри джэгуурэ гъуащэри кIуэдащ. Фызхэм сабийр ягу къыщыкIыжар жэщ хъуауэщ. Шынэхэри нартхэм хъыбар ирамыгъащIэу зэбгрыжхэри лъыхъуащ, арщхьэкIэ ягъуэтыжакъым.

Къэхъуар нартхэм къыщащIэм, шэсхэри лъыхъуакIуэ ежьащ. Хуэзарэ зылъэгъуарэ къагъуэт мыхъумэ, езыр ягъуэтыжакъым.

- И анэм деж кIуэжа хъунщ, - жаIэри Лъэпщ ягъэкIуащ. Ауэ сабийр абы кIуэжатэкъым.

- Сыт тщIэну, сыт ди Iэмал? - еупщIащ абы Лъэпщ.

- Зы Iэмали иIэкъым. И зэманыр къэсмэ, езым къигъэзэжынщ. Ауэ къыщигъэзэжынур тхьэм ещIэ. Фыпсэууэ къэкIуэжмэ – фи насыпщ, къэмыкIуэжмэ – фи бэлыхьщи, абы фытекIуэдэжынщ, – къыжриIащ.

Лъэпщ и щхьэр фIэхуауэ къэкIуэжащ.

# Сэтэней-Гуащэ нартхэм къызэрахьар



Нарт гупышхуэм мурад ящIащ Сэтэней гуащэр къахьыну, ауэ ар здэщыIэмрэ къызэрахьыну щIыкIэмрэ зыми ищIэртэкъым. И дахагъым и хъыбар, и щэныфIагъым и хъыбар зэхах нэмыщI, и хэщIапIэри здыщыпсэу хэгъэгуи зыми ищIэртэкъым. Апхуэдэу щыхъум, нарт лъэпкъыу зы щIыпIэ гуэрым щыпсэурт пелуану, лIыхъужьу УэзырмэджкIэ еджэуи, абы дежкIэ кIуэну траухуащ.

Нартхэр зэщIэшасэри Уэзырмэджым деж екIуэлIащ. Уэзырмэдж икъукIэ хабзэшхуэ зыхэлъ нартт. Нарт гупыр Уэзырмэджым игъэхьэщIащ зы тхьэмахуэкIэ, иригъэшхащ, иригъэфащ.

ИкIэм, нартхэм я къэкIуэкIэмкIэ щеупщIым, гупым жаIащ:

- Мурад диIэщ Сэтэней-Гуащэр къэтхьынуи, абы уздэтшэну арат, - жаIащ.

- Хъунщ, - жиIэщ Уэзырмэджи, ядэшэсащ. Щышэсым нартхэм жаIащ:

– Иджы дэ Сэтэней-Гуащэ и хэгъэгум дыщынэблагъэкIэ, ди алъпхэр пырхъынущи, кудагъэ дыхуейщ ди алъпхэм я пэр щытпхыкIыну, ахэр мыпырхъын щхьэкIэ, – жари.

Уэзырмэдж нарт гупым кудагъэ зэрызыхэ яхуигуэшщ, езыми зы къиштэри зэщIэшасэри дэкIащ. Куэдрэ иша а гупыр Уэзырмэджым, мащIэрэ иша – гъуэгуанэ жыжьэ якIуащ.

Гупым Уэзырмэджыр гъэпцIагъэкIэ ирашэжьауэ арат. Гупым Уэзырмэджыр ямыIэм гъуэгур яцIыхуртэкъыми, кIуэфынутэкъым.

Сэтэней-Гуащэ деж нэсрэ кърахьэжьа нэужь, и дахагъэм папщIэ гупым яримытыжынкIи шынагъуэ яIэт.

Уэзырмэдж апхуэдизкIэ бланэт, пелуант, лIыхъужь мышынэти, къыщымышынэу гупым зыри яхэттэкъым.

Ауэрэ кIуэуэрэ, Сэтэней гуащэ и унэм зы махуэ ныкъуэ гъуэгу дэлъыжу щынэсым, гупым жаIащ:

– Иджы дишхэм я пэхэр щыдвгъапхэ, я пырхъ макъыр зэхамыхын щхьэкIэ, – жари.

Уэзырмэджым ар и фIэщ хъури, и Фэехъуджэ алъпыжьым и пэр щипхащ. Фэехъуджэ – аращ Уэзырмэдж и шыжьым зэреджэу щытар. И кIэм цы тетакъым, ауэ и кIафэ закъуэр пIийуэ пыту арат. Адрей нарт гупым псоми щапхэ нэпцI защIа мыхъумэ, зыми и шыпэ щипхыкIакъым. ЗэщIэшэсэжри кIуэуэрэ, Уэзырмэджым и Фэехъуджэ алъпыжьыр къакIэрыху хъуащ, алъандэрэ япэ иту кIуауэ. Уэзырмэджи абы ирибампIэурэ зыкъомрэ кIуащ. Алъпыжьым жьы кIуапIэ имыгъуэту, бампIэри зэгуэудащ. ИтIанэ къищIащ Уэзырмэдж нарт гупым къызэрагъэпцIар.

Уэзырмэджыр и шым щхьэщысу къагъанэри нарт гупыр ежьэжащ, Сэтэней-Гуащэр къахьыну. Уэзырмэджым и алъпыжьым и лъакъуиплIыр ипхщ, и плIэ ирилъхьэри якIэлъежьащ.

Уэзырмэджыр гупым я ужь кIэщIу иту нэсащ. Сэтэней-Гуащэ Щордакъ лъагапIэм исти, гупым зыри яхуещIэртэкъым. Уэзырмэдж и алъпыжьыр и плIэм илъу нэсщ, шордакъым едэмэпкъауэри, дамэкIэ Щордакъ лъабжьэр щIиудащ. Сэтэней дахэр къыщехуэхым, щIым нэмысу къиубыдри къеежьэжащ. Уэзырмэджым и шыжьыр и щIыб илъу, Сэтэнейри иIыгъыу гупыр и ужь къимыкIыфу къэкIуэжащ и унэ, гупри къыздишэри.

Нартхэр аргуэру Уэзырмэджым жэщибл-махуиблкIэ иригъафэу зэхигъэсащ.

Нарт гупыр ежьэжыну щылъэIауэм, Уэзырмэджым жиIащ:

- Сэ си Фэехъуджэжь фэ фтезукIам и уасэ мылъкурэ былымрэ нартхэ фи хэку илъкъым. Апхуэдэу щыхъукIэ, шы уасэ мыхъуми, къренэ илъэситхукIэ си дей Сэтэней-Гуащэр щыIэну. Илъэситху дэкIа нэужь, фыкъакIуи фэстыжынщ, – жиIэри нарт гупыр игъэшэсыжащ.

ИлъэситхукIэ Сэтэней Уэзырмэджым деж щыIащ. Илъэситху щрикъум, нарт гупыр кIуэн хуейт Сэтэнейр къахьыжыну, ауэ абы кIуэфын зыри къахэкIакъым.

Ауэ Уэзырмэджи ар щыгъупщэжатэкъыми, нартхэм яхуиIуэхуащ, къакIуэу Сэтэнейр яхьыжын хуейуэ.

Уэзырмэджым и лIыгъэр нартхэм ягъэунэхуат. Зы нарти жиIам фIэкI хъунутэкъым. Нартхэр Уэзырмэджым деж щепсыхащ. Ещанэу Уэзырмэджым нарт гупыр игъэхьэщIащ. Сэтэнейри къаритыжри къиутIыпщыжащ.

Сэтэнейр нарт Уэзырмэджым хуэлъэщыджауэ къыщIэкIащ, ауэ хыумыщIыкIыу. Нартхэ я деж иужькIэ Сэтэнейр щылъхуащ. Къилъхуами Сосрыкъуэ фIащащ. Апхуэдэу Сэтэнейр Уэзырмэджым и щхьэгъусащ. Сосрыкъуи Уэзырмэджым и къуэщ.

Ар ябзыщIын щхьэкIэщ нартхэм Сосрыкъуэр мывэм къыдэкIауэ щIаIуэтар.



## ХьэщIэщым къыщIэнам

Къамэ къуданэр мэлыд,
Зэпэлыдыжу ар къэсащ.
ЗытетIысхьэри гъэрищщ,
ТIыгъуауэ гухэхъуэщ,
Гум хэзыгъахъуэр зи уз,
Зи узыгъуэр фIэпсынщIэ,
ПсынщIэрэ щIэхыу
тэджыж,
Тэджыжыгъуэр фи щIасэщ,
ЗимыщIасэр псым ехь,
КIэлъыхыхьэр етхьэлэ,
Хьэуазэ хакIутэж.

## Хьэтыкъуей гуащэм

Хьэтыкъуейхэр, си
уэредэ,
Къуажэ мащIэт,
уэр къуажэфIти,
Шум я фIыпIэр, си уэредэ,
А зы тIэкIум къыдокIри.
КъыдэкIахэр, си уэредэ,
Ди хэгъуащхьэм, уэр,
кърокIуэ.
ЗекIуэ кIуэни, си уэредэ,
Дипщхэ я унэ имысыт.
Исы закъуэр, си уэредэ,
ИлъэсиблкIэ мышэси,
Зэ шэсыгъуэм, си уэредэ,
Фэ вакъибл ирегъэщIи.
Фэ вакъиблым, си уэредэ,
Зы фэ вакъэ къыхехри,
Фэ вакъихыр, си уэредэ,
Хьэсэ кIапэм щегъэф.
Вакъэжь фахэм,
си уэредэ,
Хьэкъумэжьхэр егъатхъэ.
Шы гъэтхъахэр, си уэредэ,
Шэщым щIохьэри
къыщIеш.
Шым и фащэр, си уэредэ,
Унэм щIохьэри къыщIех,
ЗэкIуэцIытпхэри,
си уэредэ,
Ди бзаджэжьыр
дэдгъэкIи.
СыкIэлъыплъмэ,
си уэредэ,
Лъэсым жапIэ ирамыти.
Шым и ягъэмэ, си уэредэ,
Зы бажэщым щрелIэ.
ЛIым и ягъэмэ, си уэредэ,
Зы шэ закъуэм иреукIи.
СикIыжын жызори,
си уэредэ,
Къуэпхъу-шыпхъужьым
ямыдэ,
Сыкъохьэжри, си уэредэ,
Набэ-набэу къызоплъхэр,
Сызэплъыжмэ, си уэредэ,
Дыгъэнэ гуащэу сыщыси.









# Плъыфэхэм къагъэщI дахагъэр

**СурэтыщI гъуазджэхэмкIэ Ткаченкэ Андрей и цIэр зезыхьэ музейм иджыблагъэ къыщызэIуахащ Кусовэ Лианэрэ абы и гъэсэнхэмрэ я IэдакъэщIэкIхэм я гъэлъэгъуэныгъэ.**



«ПЛЪЫФЭХЭМ къаIуэтэжа хъыбархэр» фIэщыгъэм щIэт гъэлъэгъуэныгъэм Iэмал зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ щIауэ сурэтищэм щIигъу утыку къыщрахьащ. Ар къызэIузыхари езыгъэкIуэкIари Сабий гъуазджэхэмкIэ Налшык дэт школ №1-м и унафэщIым и къуэдзэ Котовская Iэсиятщ.

СурэтыщI, егъэджакIуэ Iэзэ Кусовэ Лианэ жиIащ сурэтыщI ныбжьыщIэхэр я теплъэкIэ, дуней еплъыкIэкIэ, зэфIэкIкIэ зэрызэщхьэщыкIым емылъытауэ, дэтхэнэм и гупсысэри фIым зэрыхуэунэтIар.

- Сабий сурэтхэм фыщеплъкIэ, гупсысэ лей фыхэмыту, фи сабиигъуэм фызыщIэхъуэпсу щыта Iуэхугъуэхэр фигу къэвгъэкIыж. Нобэ фи пащхьэ къисхьа лэжьыгъэр си гъащIэм щыщ Iыхьэщ. Пэжым фыхуеймэ, егъэджакIуэ сыхъуну зэи си гугъакъым, ауэ а Iуэхум зеспщыта иужькIэ сыдихьэхащ. ИкIи сыщIегъуэжыркъым. ИкъукIэ зэфIэкI ин зыбгъэдэлъ сабийхэр диIэщи, сыщогуфIыкI, - жиIащ абы.

Лианэ къызэхуэсахэм яхутепсэлъыхьащ и гъэсэнхэм ящыщу ехъулIэныгъэ зыIэрызыгъэхьахэм, профессиональнэ сурэтыщI, дизайнер хъуахэм. Лианэ фIыщIэ хуищIащ мы Iуэхур къызэзыгъэпэща Котовская Iэсият. И Iуэхур къыдиIыгъыу дапщэщи къыбгъурыт и анэ Мыз Иринэ, гъэлъэгъуэныгъэм къекIуэлIа псоми псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ абы.

- ЦIыхум игъуэтыну зэфIэкIыр и егъэджакIуэм куэдкIэ елъытащ. Абы и IуэхукIэ Лианэ хуэдэ зэрыгъуэтыгъуейр иджыри зэ хьэкъ тщищIащ. АдэкIи ефIэкIуэну ди гуапэщ, - жиIащ Художественнэ егъэджэныгъэмкIэ методикэ центрым и унафэщI Бэрбэч Беслъэн.

Кусовэм и гъэсэнхэм яхилъхьам, ныбжьыщIэхэм я дежкIэ гъэлъэгъуэныгъэм иIэ мыхьэнэм теухуауэ щытащ Налшык къалэ Администрацэм щэнхабзэмкIэ и управленэм и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Кузнецовэ Ларисэ и къэпсэлъэныгъэр. Абы сурэтыщI ныбжьыщIэхэм ящыщу сурэтыщI гъуазджэм ехъулIэныгъэ щызэзыгъэгъуэтахэм, зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыщыхэжаныкIахэм щIыхь тхылъхэр яритащ.

Лианэ гуапэу къехъуэхъуащ Осетие Ищхъэрэ - Аланием къикIа и ныбжьэгъу сурэтыщIхэр.

Сабий гъуазджэхэмкIэ школ №1-м щеджэ ныбжьыщIэ цIыкIухэм концерт дахэкIэ я нэгу зрагъэужьащ гъэлъэгъуэныгъэм кърихьэлIахэм.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**

*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

# Дадэ и фэеплъу

**Бэрбэч Мухьэз Шэрэдж щIыналъэм хыхьэ Аушыджэр къуажэм 1931 гъэм къыщалъхуащ. Быниблыр цIыкIуу, я адэ Екъуб дунейм ехыжати, зи сабиигъуэр зауэм хиубыда зэрыбыныр гугъу ехьу къыдэкIуэтеящ.**

КЪУАЖЭ школыр къиуха нэужь Бэрбэч Мухьэз япэщIыкIэ Налшык, иужькIэ Орджоникидзе егъэджакIуэ IэщIагъэм щыхуеджащ. ЩIэныгъэ зэригъэгъуэту къигъэзэжа нэужь, Зэрыгъыж, Джэрпэджэж, Аушыджэр школхэм сабийхэр щыхуригъэджащ географием, химием, биологием. ЕгъэджакIуэ IэнатIэм илъэс 50-кIэ пэрытащ пщIэ иIэу. ЩIыхь тхылъ куэд къыхуагъэфэщащ и гуащIэм папщIэ. Псом я щхьэт «Лэжьыгъэм и ветеран» медалыр.

Жыыщхьэ махуэт Бэрбэч Мухьэз. Псоми я хъуэпсапIэр къехъулIащ абы - и щIэблэм я гуфIэгъуэрэ я ехъулIэныгъэрэ и нэгу щIэкIащ.

Нэгъабэ, дыгъэгъазэм и 23-м, илъэс 90 хъуауэ ар дунейм ехыжащ.

**Ещхьыжкъым ди нобэр дыгъуасэм -**
**Тщхьэщытыжкъым афIэкI дадэ дыщэ.**
**Дадэ дыщэ зэпычащи и гъащIэр,**
**Унэр хъуауэ къытфIощIыр нэщIыбзэ.**



**Жэщым хуэдэщ иджы ди махуэр,**
**Къытрехьэр уафэм пшэ фIыцIэ.**
**Ауэ фIыкIэ бгъэIуащи уэ уи цIэр,**
**Дэ ди гъуэгум уи нур тридзэнущ.**
**Уитащ ди япэ, ди нэхъыжь, илъэс куэдкIэ,**
**Уи Iущагъ ирипсэууэ уи бынхэр.**
**Сытым дежи тхухэпшт лъагъуэ захуэ,**
**Ди гум илъщ уэ уи псалъэхэр гуапэу.**

**БЭРБЭЧ Аслъэнджэрий,** *къуэрылъху.*

# МурадыфIхэр яIэщ

**«Iуащхьэмахуэ» курортыр дунейпсо мардэхэм тету къызэгъэпэщыным ехьэлIауэ 2022 гъэм къриубыдэу ди республикэм лэжьыгъэшхуэ щаублэнущ.**

ДЫЗЫХУЭКIУЭ илъэсищым Азау къуршылъэ щIыпIэм зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр игъуэтынущ. Ар сыт и лъэныкъуэкIи хуагъэкIуэнущ дунейм щыцIэрыIуэ зыгъэпсэхупIэхэм я щапхъэм: Iуащхьэмахуэ и щыгухэм дэкIыу кIапсэ гъуэгуитI, лыжэкIэ къыздежэхыну гъуэгущIэхэр яухуэнущ. Абы и ужькIэ хьэщIэщхэр, административнэ унэхэр зыхуеину псомкIи яузэдынущ,- жиIащ «Кавказ» АО-м и генеральнэ унафэщI ТIымыжь Хьэсэн.

Лыжэ къэжыхьыгъуэ зэманыр зэриухыу, Азау щаухуэнущ сервис-центррэ бэзэр утыкурэ. Абы щащэнущ ди щIыпIэм щыпсэу лъэпкъхэм я IэдакъэщIэкI телъыджэхэр: цыхэкIхэр, пхъэм, гъущIым къыхэщIыкIа хьэпшып гъэщIэгъуэнхэр. КъищынэмыщIауэ, щIыпIэр ягъэдэхэнущ щхъуантIагъэхэмкIэ.

**ЛЪОСТЭН Музэ.**

# Сабийхэм фахуэсакъ

**Налшык щекIуэкIащ жылагъуэм, псом хуэмыдэу рулым дэсхэм сабийхэр транспорткIэ къыщрашэкIкIэ хъума хъуным гу лъегъэтэным теухуа Iуэху.**

КъБР-м щыIэ МВД-м дэлажьэ Жылагъуэ советым и тхьэмадэм и къуэдзэ КIыщыкъуэ Иринэ ящIыгъуу полицейхэм автомашинэм и рулым дэсхэм зыхуагъэзащ урысыбзэкIэ, адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ.

Къыхуезыджэ тхылъымпIэхэр щагуэшым, КъБР-м щыIэ МВД-м и ГИБДД-м и ДПС-м и батальон хэхамрэ Урысейм МВД-м и ГИБДД-м и Управленэ нэхъыщхьэм Налшык къалэм щиIэ къудамэмрэ я лэжьакIуэхэм рулым дэсхэм гурагъэIуащ шынагъуэншагъэмкIэ бгырыпхыр къэзымыгъэсэбэпыр зыхэхуэ атомобиль зэжьэхэуэхэм кърикIуэхэр.

- Сабий зэрыс транспортыр зезыгъакIуэм къыгурыIуэн хуейщ езыр IэкIуэлъакIуэу рулым дэсми, нэгъуэщI шофёрым и жэуаплыныгъэншагъэм, зыIэзыбжьэу къэувыIэным е аварие мышынагъуэм сабийм фэбжь къыхихынкIэ зэрыхъунур, - жраIащ полицейхэм рулым дэсхэм. Къапщтэмэ, сыхьэтым къриубыдэу километр 50 псынщIагъ фIэкIа ямыIыгъауэ зэжьэхэуэмэ, сабийм фэбжь егъуэт, еплIанэ къат лъагагъым къехуэхам хуэдэу.

- Аращи, имыпхауэ зыми яхуэIыгъынукъым сабийр. Ар ипэ къит тIысыпIэм и щIыбагъым ирекъузылIэри, фэбжь егъуэт, - жаIащ автоинспекторхэм икIи балигъхэм ягу къагъэкIыжащ хабзэм темыту сабийхэр къезышэкIхэм сом мини 3 къуэдыуэ зэрапшынынур.

- Къуэдыр зыми щыщкъым сабийм и узыншагъэмрэ гъащIэмрэ еплъытмэ. Аращи, уэим фымыщI сабийхэр зыIыгъ Iэмэпсымэхэр. Фэри фи сабийми шынагъуэншагъэмкIэ бгырыпххэмрэ шэнтжьейхэмрэ, ГИБДД-м и инспекторхэм щхьэкIэ мыхъуу, фи гъащIэмрэ фи узыншагъэмрэ папщIэ къэвгъэсэбэп, - жиIащ КIыщыкъуэ Иринэ.

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**



# «Лэскэн» псыщIэм и къэхъукIэр



**Мы псым адыгэхэм «Лэскэн», осетинхэм «Лескены дон» хужаIэ. КъыщыщIидзэри Тэрч сэмэгу лъэныкъуэмкIэ щыхэлъэдэжри Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэр арами, икухэм хуэзэу иджырей Осетие Ищхъэрэ - Аланием и щIы кIапэми пхрож. «Къырылъэ шытх» зыхужаIэу Кавказ къуршхэм яхэт лъагапIэ екIуэкIым ищхъэрэкIэ гъэза и джабэ нэкIухэм зыщызэхуехьэс, километр 59-рэ и кIыхьагъщ. И тIуащIэм Анзорей, Лэскэн ЕтIуанэ, Ерокъуэ, Лэскэн Езанэ (мыр осетин жылэщ, здэщыIэ щIыпIэм 1864 гъэм ирагъэтIысхьащ), Лэскэн Ипщэ къуажэхэм зыдаубгъуащ.**

НЭХЪЫБЭМ зэрыхуагъэфащэмкIэ, фIэщыгъэр осетинхэм я бзэм къытехъукIащ. ИтIани, аркъудейм теухуауэ Iуэху еплъыкIэу 3 щыIэщ. Япэр зэхьэлIар осетинхэмрэ адыгэхэмрэ я щIыналъэхэр щызэпыхьэм деж узыщрихьэлIэ щIыпIэцIэхэм ящыщ гуэрхэм «ск» («лдск») жыIэкIэр зэрыхалъагъуэрщ, зэпхыжауэ къалъытэри нэгъуэщIым и Iэщым пIалъэ гуэркIэ щыкIэлъыплъкIэ, щIэжьейуэ къащIэхъуэм и зы Iыхьэ, зэрызэгурыIуам тету, пщIэ папщIэу къыIахыжу зэрыщытарщ. ЕтIуанэ Iуэху еплъыкIэр къызыхэкIар осетинхэм я «лашкэ» псалъэу «захуэ», «джафэ» мыхьэнэхэм хуагъакIуэрщ. Ещанэ егупсысыкIэм и тегъэщIапIэр осетинхэм бдзэжьей лъэпкъыгъуэхэм ящыщ зым «ласаккун» псалъэмкIэ зэреджэрщ, я нэхъыжьхэм къызэраIуэтэжымкIи, а лIэужьыгъуэм щыщу куэд дыдэ Лэскэн псым хэсу зэрыщытарщ.

ПсыцIэм и къэхъукIэм ехьэлIауэ нэгъуэщI Iуэху еплъыкIэхэми уарохьэлIэ. Апхуэдэу, Шэшэн Республикэм щыщ, филологие щIэныгъэхэм я доктор Чокаев Къаты зэригъэувымкIэ, шэшэн-мышкъышхэм бдзэжьейм хужаIэ «лещ» псалъэм «ка» пычыгъуэу «зыгуэрым хуэгъэза» мыхьэнэр къызэрыкIыр пыдгъэувэжмэ, «бдзэжей нэхъ здэщыIэ» егупсысыкIэм хуэдгъакIуэ хъунущ.

Лэскэныпсым гуэж цIыкIухэри иIэщ, адэкIэмыдэкIэ къыщIэж псынэхэри къыхолъадэ. Иужьрейхэм ящыщщ Лэскэн ЕтIуанэ къуажэм ипщэкIэ (Ерокъуэ унэмысыпэу, ныджэмкIэ дэбдзыхмэ) цIыхухэм зыгъэпсэхупIэ щIагъуэ яхуэхъуа, «Дзэл-къэб» зи фIэщыгъэ лъапэрытым деж щIым къыщызыпхива псынэ гуэрэн телъыджэхэри.

Анзорей ЦIыкIу (Лэскэн ЕтIуанэ) и Iэшэлъашэм щежэх Лэскэн псым сэмэгу лъэныкъуэмкIэ дех щIы кусэу «ныджэ» (къуажапщэм дэсхэм «псыхъуэныджэ») зыхужаIэр къуажэдэсхэм я Iэщыр махуэкIэрэ щаIыгъ хъупIэщ. Абы, псори зэхэту, гектар 250-м нэблагъэ къызэщIеубыдэ, «ПсыIэрышэ» зыфIаща и къуэпсыр и гъунапкъэщ.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**

# ЗэпэщIэтыныгъэ гуащIэхэр йокIуэкI

**Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм и щIымахуэ чемпионатым и етхуанэ джэгугъуэр щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зэхэтащ.**

НАЛШЫК дэт «ДыгъафIэ къалэм» и стадионым щекIуэкI зэIущIэхэм ящыщу япэу зэхэтащ турнир таблицэм и иужьрей увыпIэм щыт Къэрэгъэш и «Иналымрэ» Налшык и «Спартак-Д»-мрэ яйр. ЗэпэщIэтыныгъэм налшыкдэсхэм щыдагъэкIа топищым и жэуап «хэгъэрейхэм» иратыжыфакъым. ЗэIущIэ етхуанэ хъауэ текIуэныгъэм и IэфIагъыр зэхэзымыщIа къэрэгъэшдэсхэм я гупыр епщыкIуханэ увыпIэм къыщынащ.

Абыхэм куэдкIэ къащхьэщымыкI, зы очко закъуэ фIэкIа зимыIэ «Шэджэм-2»-р щэбэтым дэджэгуащ зэхьэзэхуэм щыпашэхэм ящыщ «ХьэтIохъущыкъуеймкIэ». Къыхэдгъэщынщи, абыхэм я зэIущIэращ джэгугъуэм и топ нэхъыбэ дыдэ (псори зэхэту 11) щыдагъэкIар. Иджырейм шэджэмдэсхэм нэхъапэ джэгугъуиплIым псори зэхэту щыдагъэкIа топхэм нэхърэ нэхъыбэ и хьэрхуэрэгъум худагъэкIа пэтми, абы текIуэныгъэ къахуихьакъым. ЗэпэщIэтыныгъэр 7:4-уэ хьэтIохъущыкъуейдэсхэм я тепщэныгъэкIэ иухащ.

ЕтIуанэ хэщIыныгъэр игъуэтащ зэIущIэ псоми щытекIуауэ зэхьэзэхуэм и турнир таблицэм щхьэзакъуэ пашэныгъэ щызыIыгъ «Автозапчасть»-м хьэрхуэрэгъу къыхуэхъуа «Шэрэджым». Мы зэпэщIэтыныгъэм бахъсэндэсхэм я гупым жэуапыншэ топих Старэ Шэрэдж и командэм и гъуэм хуадагъэкIри очко яфIэмыкIуэду ирагъэкIуа зэIущIэ зэкIэлъхьэужьхэм я бжыгъэр 5-м нагъэсащ.

Апхуэдэ дыдэу хэщIыныгъэншэу щIымахуэ зэхьэзэхуэр ирегъэкIуэкI «Тэрчым». Иужьрейуэ ар ефIэкIащ «Нартаным» икIи зэхьэзэхуэм и турнир таблицэм и етIуанэ увыпIэр «ХьэтIохъущыкъуейм» щыдаугуэш. Къыхэдгъэщынщи, «Тэрчым» зы зэIущIэкIэ нэхъ мащIэщ иригъэкIуэкIар.

Джэгугъуэм и етIуанэ махуэр «Локомотив»-мрэ «Ислъэмеймрэ» къызэIуахащ. Мыбыхэм я закъуэщ махуитIым къриубыдэу зым адрейм и жагъуэ имыщIу мамырыгъэкIэ зэбгъэдэкIыжар.

ЕтIуанэ текIуэныгъэр зыIэригъэхьащ «Бабугент»-м. ТекIуэныгъэ зырыз фIэкIа ямыIэу зэхуэза «Малка»-мрэ бабугентдэсхэмрэ я зэпэщIэтыныгъэр иужьрейхэм я текIуэныгъэкIэ 3:1-уэ иухащ.

Джэгугъуитхум иужькIэ турнир таблицэм и кум зэныкъуэкъуныгъэшхуэ щокIуэкI. Апхуэдэу пашэхэм нэхъ гъунэгъу захуищIащ «Мурбек-ФШ Налшыкым». Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и командэм налшыкдэсхэр 4:1-уэ текIуащ икIи иджыри командищым я гъусэу еплIанэ увыпIэм дэкIуеящ.

Зэхьэзэуэ махуитIыр зэхуащIыжащ Зеикъуэ и «Шагъдиймрэ» Шэрэдж Ищхъэрэ и «Къэбэрдеймрэ» я зэпэщIэтыныгъэмкIэ. ЗэIущIэм щыдагъэкIа топ закъуэм ещанэ текIуэныгъэр къыхуихьащ зеикъуэдэсхэм я командэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм и щIымахуэ чемпионатым и етхуанэ джэгугъуэм хиубыдэу екIуэкIа зэIущIэхэм мыпхуэдэ бжыгъэхэр къарикIуащ: *щIышылэм и 22-м:* «**Тэрч**» (Тэрч) - «**Нартан**» (Нартан) - **2:0**, «**Автозапчасть**» (Бахъсэн) - «**Шэрэдж**» (Старэ Шэрэдж) - **6:0**, «**ХьэтIохъущыкъуей**» (ХьэтIохъущыкъуей) - «**Шэджэм-2**» (Шэджэм ЕтIуанэ) - **7:4**, «**Инал**» (Къэрэгъэш) - «**Спартак-Д**» (Налшык) - **0:3**; *щIышылэм и 23-м:* «**Шагъдий**» (Зеикъуэ) - «**Къэбэрдей**» (Шэрэдж Ищхъэрэ) - **0:1**, «**КъБКъУ**» (Налшык) - «**Мурбек-ФШ**» (Налшык) - **1:4**, «**Бабугент**» (Бабугент) - «**Малка**» (Малкэ) - **3:1**, «**Локомотив**» (Налшык) - «**Ислъэмей**» (Ислъэмей) - **0:0**.

Еханэ джэгугъуэм зэIущIэнущ: *щIышылэм и 29-м:* «Ислъэмей» - «Тэрч», «Спартак-Д» - «КъБКъУ», «Шэджэм-2» - «Инал», «Бабугент» - «Автозапчасть»; *щIышылэм и 30-м:* «Мурбек-ФШ» - «Локомотив», «Малка» - «Нартан», «Къэбэрдей» - «ХьэтIохъущыкъуей», «Шэрэдж» - «Шагъдий».

**КЪЭХЪУН Бэч.**

*Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм и щIымахуэ чемпионатым и турнир таблицэ*

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **1.«Автозапчасть»** | **5** | **5** | **0** | **0** | **21-3** | **15** |
| **2.«Тэрч»** | **4** | **4** | **0** | **0** | **9-2** | **12** |
| **3.«ХьэтIохъущыкъуей»** | **5** | **4** | **0** | **1** | **13-8** | **12** |
| 4.«Мурбек-ФШ Налшык» | 5 | 3 | 0 | 2 | 11-6 | 9 |
| 5.«Спартак-Д» | 5 | 3 | 0 | 2 | 6-4 | 9 |
| 6.«Шагъдий» | 5 | 3 | 0 | 2 | 5-5 | 9 |
| 7.«Бабугент» | 5 | 2 | 3 | 0 | 5-2 | 9 |
| 8.«Къэбэрдей» | 5 | 2 | 1 | 2 | 6-8 | 7 |
| 9.«КъБКъУ» | 4 | 2 | 1 | 1 | 6-7 | 7 |
| 10.«Шэрэдж» | 5 | 2 | 1 | 2 | 11-13 | 7 |
| 11.«Ислъэмей» | 5 | 1 | 2 | 2 | 4-5 | 5 |
| 12.«Нартан» | 5 | 1 | 1 | 3 | 11-12 | 4 |
| 13.«Малка» | 5 | 1 | 0 | 4 | 11-13 | 3 |
| 14.«Локомотив» | 5 | 0 | 2 | 3 | 6-12 | 2 |
| 15.«Шэджэм-2» | 5 | 0 | 1 | 4 | 7-19 | 1 |
| **16.«Инал»** | **5** | **0** | **0** | **5** | **3-16** | **0** |



# Боксёр цIэрыIуэм и фэеплъ зэхьэзэхуэ

**Мэзкуу къалэм дэт «Трудовые резервы» олимп резервыр щагъэхьэзыр спорт школым щекIуэкIащ боксым и «А» классымкIэ урысейпсо зэхьэзэхуэхэр. Ар фэеплъ хуащIащ Совет Союзым бгъуэнейрэ и чемпион, СССР-м спортым щIыхь зиIэ и мастер Королёв Николайрэ спецназым и боксёр-зауэлIхэмрэ.**

МАСТЕР зэхьэзэхуэм и саугъэтхэм щIэбэнащ Урысей Федерацэм и щIыналъэ куэдым къикIа спортсмени 130-м щIигъу. Къыщыхах лъэхъэнэм и пэщIэдзэ зэIущIищым текIуэныгъэ дахэ къыщызыхьа Къущхьэ Амин зи хьэлъагъыр килограмм 75-м нэблагъэхэм я финалым хьэрхуэрэгъу къыщыхуэхъуащ хэгъэрейхэм я боксёр Абрамкин Тимофей. ЗымащIэкIэ мэзкуудэсыр къызэфIэкIа ди лъэпкъэгъум фэеплъ зэхьэзэхуэм и дыжьын медалыр къиихьащ.

Ди щIалэр егъасэ КIэрэф Залым.

**ЖЫЛАСЭ Замир.**

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Редколлегием хэтхэр:
**ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (унафэщI-редактор), **Ширдий Маринэ** (унафэщI-редактор), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**



Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ иРагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинским и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-60-53, 42-22-89; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-75-78, 42-63-64.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта IуэхугъуэхэмкIэ я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ
Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI 12+
«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **Джатокъуэ Марьянэ,** *корректорхэу* **Елмэс ФатIимэ** *(3, 4-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(1, 2-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 • Тираж 2.039 • Заказ №111